ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ГЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№119 (22.277) ● 2012 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 27, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adygnale.ru

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

Зэдэлэжьаныгъэр зэтоувэж

Мэкъуауэгъуэм и 17 - 21-хэм Азербайджан Республикэм и къалащхьэм щекIуэкIа азербайджан-урысей бизнес зэхъыхьэшхэм хэтащ ди республикэм и лIыкIуэхэр. Абыхэм я пашэу щытащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Уянаев Казым.

КъБР-м икIалэр ди гъунэгъу къэралым и унафэщI щхьэхуэхэм яхуэзащ икIи экономикэм, мэкъумэш хозяйствэм, ухуэныгъэм, промышленностым, транспортым, туризмым, узынашагъэ хьэмэным и Iэнатlэхэм дяпэкIэ зэрыщыгъэдэлэжьэнум тепсэльыхьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и сэбэп нэхъ зыхъэльэм ящыщщ Азербайджаным и туристэм ди санаторэхэмрэ курортхэмрэ зыщыгъэзэгъэпсэнырэ. Совет зэманым абы кIыхьыр ди деж цIыху мин 30-м нэблагъэ я нэгу зэщыгъэужкIу щытащ. Иджыри ди курортхэм а къэралым щыщу Iуэхутхьбзэ зыщыхуащIэхэм я бжыгьэр абы нэхърэ мынэхъ мащIэу зэтрагъэувэжыкIыфыну щогуфь. Апхуэдэу Азербайджаным иIэщ ди экономикэм и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьыщыбгъэсэбэп хьуну иджырей технологиехэр.

КЪУЕРЭЩЕЙ Элеонорэ.

● ГуфIэгъуэ пшыхьхэр

Гъуэгу махуэ, ныбжьыщIэхэ!

Къралым и курыт школхэм иджыблагъэ щыIэхэтащ еджапIэр кьэзыухъумэ папщIэ кьызэрагъэпэщащ гуфIэгъуэ пшыхьым кьрихьлIаIэр щызэхуэсат а махуэм хуагъэпщIэрэщIа пэш хуитыхьэм.

ГуфIэгъуэмрэ дзэрэжэгъуэмрэ я гум щызу утыкум кьихьащ школыр кьэзыухъэр, я класс унафэщIхэр я папщэу. Аращ адрейхэм кьахэщцрт я зыхуэпжкIэкIи, я нэгум кьыщ нэжэгужагъэмкIи. А ныбжьыщIэхэрт гуфIэгъуэм зыкърезыгъэхьэлIа псоми - егъэджакIуэхэми, адъ-анэхэми, хьэщIэ льапIэхэми - я плъапIэр.

Ильэс 11-кIэ щIэныгъэ щызрагъэгъуэта еджапIэм и унафэщI Сэбан Аслъэнбий хьуэхьу псальэкIэ захуигъэзащ ныбжьыщIэхэм, абыхэм я адъ-анэхэм.

- Нобэ щыщIэдзауэ гъуэгущIэ фытохьэ - балигъ гъуэгу. Абы лъэпощхьэпо гуэрхэми фыщрихьлIэнущ. ЗэмылIэужьыгъуэ защIэу зэхэлъ гъащIэм фыгъэрыхьыхьэн кIэныгъэ еджапIэм щывохьри, фи мурадым ерыщу фыхуэкIуэ! Нобэ фиIэ гу гъэзагъымрэ хьэл-цIэн дахэмрэ зэрыфхъумэным яужь фит! - захуигъэзащ Сэбаным ныбжьыщIэхэм.

Мы гъэм гимназие №13-р еджакIуэ 60-м я къауащ. Налшык къалэ и еджапIэ нэхъыфIхэм зэрыхабжьм и щыхьэтщ абы кьыщIэхIэм я ехьулIэныгъэхэр. НыбжьыщIэу 8-м дыщэ медалхэр хуагъэфэщащ. Гъэ еджэгъуэ ихуар екIуэкIыху, зыхэта кьалэ, республикэолимпиадэм хахэпльхьмэ, гимназием етIуанэ увыпIэр кьалэм щиIыгыщ. Аттестатым щIыгъуу еджакIуэхэм ирата щIыхь тхылъхэм я гугъу пщIымэ, ахэр хуагъэфэщащ химием, биологием, тхыдэм, обществознанием щIэныгъэ куу кьыхэрыщагъэльгъэчам папщIэ. Шэч хэмылъу, абыкIэ фIыщIэ ябгъэдэлъщ ныбжьыщIэхэр щIэныгъэм дезыгъэхьэа егъэджакIуэхэу Щербань Еленэ, Сидоровэ Светланэ, Къумахуэ Мурат, Карцевэ Иринэ, нэгъуэщIхэми. Директоным и жэрдэмкIэ кьыхэрагъэпэщауэ гъэ еджэгъуэр екIуэкIыху лэжьа гупжьей зэмылIэужьыгъуэхэр сэбэп хъуащ ныбжьыщIэхэм я щIэныгъэр кьыхэрахутэ Зыу щыт къаз экзаменхэр ехьулIэныгъэкIэ зэфIагъэкIыныжкIэ.

- Нобэ сэ схуэдэу льагъуэщIэ техьэ ныбжьыщIэ псоми кьабгъэдэкIыу фыщIэ яхуэощI ди егъэджакIуэ къыщIэхэм. Абыхэм щIэныгъэ кьыдата къудейкъым, атIэ гъэсэныгъэ дахэ кьытхальхьащ. Си ныбжьыгъуэм ехьулIэныгъэ куэд яIэну, льэпкъым и щIэр дэнэкIи фIыкIэ щагъэIуу, я нэхьыжьыфIхэм яхуэфащэу, кьиКIуэт ямыIэу, я мурадым хуэкIуэ зэпыту гъащIэ гъуэгуанэм тетынхэу сехъуэхъуну сыхуейщ , - жиIащ 11-нэ «А» классыр къэзыух Жылэ Бэлэ.

Балигъ гьащIэм хьыхь ныбжьыщIэхэм яхуэгъэза хьэхэ егъэджакIуэхэу Щербань Еленэ, Сидоровэ Светланэ, Къумахуэ Мурат, Карцевэ Иринэ, нэгъуэщIхэми. Директоным и жэрдэмкIэ кьыхэрагъэпэщауэ гъэ еджэгъуэр екIуэкIыху лэжьа гупжьей зэмылIэужьыгъуэхэр сэбэп хъуащ ныбжьыщIэхэм я щIэныгъэр кьыхэрахутэ Зыу щыт къаз экзаменхэр ехьулIэныгъэкIэ зэфIагъэкIыныжкIэ.

- Нобэ сэ схуэдэу льагъуэщIэ техьэ ныбжьыщIэ псоми кьабгъэдэкIыу фыщIэ яхуэощI ди егъэджакIуэ къыщIэхэм. Абыхэм щIэныгъэ кьыдата къудейкъым, атIэ гъэсэныгъэ дахэ кьытхальхьащ. Си ныбжьыгъуэм ехьулIэныгъэ куэд яIэну, льэпкъым и щIэр дэнэкIи фIыкIэ щагъэIуу, я нэхьыжьыфIхэм яхуэфащэу, кьиКIуэт ямыIэу, я мурадым хуэкIуэ зэпыту гъащIэ гъуэгуанэм тетын

Путиным и иджырей Іэщ1агъэр Кавказым щыщ хьэжьвакъэжьышхэр къыжьдэкъуэныр ара?

●Политикэ

Налшык хуабжьу Іуэльауэшхуэ хэлъу щаубыдащ къулыкъу льагэ зыІыгъ къулыкъушІэ гупрэ (лажьэу щытахэри иджыпсту лажьэхэри) кавказ фащэхэр гъэхьэзырыным, дыным телажьэ хьэрычэтыщІэ щІыхубзымрэ, щегъ sk-news.ru сайтым философие щІыныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м и Гъэщхьэм и деж щыІэ Жылагъуэ советым хэт Тхьэгъэпсэ Хьэжьмелэ.

МыгурыІуэгъуэу куэд хэлъщ

МЫ ІУЭХУМ и щхьэусыгъуэу ягъэІуар «коррупцэ егъэлеям» еБэныныр. Сыт абы теухуауэ жыпІэ хьунур?

Урысейм и иджырей премьерым хуабжьу хэІущІыІу хьуа и псальэхэмкІэ жыпІэмэ, «а коррупцэм псоми я щхьэр яригъэжьагъащ». Апхуэдэу щыщыткІэ, а Іуэхум ущыгуфІыкІыпхъэу аращ: «КъулыкъушІэхэм яхуэфащэу я Іэпхъуэбэхэр хупащІыкІащ!». А псальэхэм «ИкІэм-икІэжьм Кавказым щыщхэм я деж нэсащ», жаІэу щІызыгъужьни щыІэнщ. Дэри абы теухуауэ жыпІифыщ: мы лэжьыгъэр зыхуэунэтІар илъэс 13 лъандэрэ «коррупцэм ебэн» хуэдэу къыфІагъэшІыну ялэжь фэрыщІыгъэхэм кІэ етыныр арамэ, сэ япэ дыдэ ситу жызоІэ: «Афэрым!».

Ауэ хабзэ тэмэмым тету гъэ адрей къэралхэми хуэдэу, коррупцэм еБэнынымкІэ дунейпсо конвенцым и 20-нэ статьяр Урысейми къыщащтэн папщІэ, а зы Іуэхум фІэкІа яхуэмычэмыжу щытамэ, а лэжьыгъэр зэфІакІа нэужь, УФ-м и къулыкъушІэу коррупцэм пыщІам и унагъуэм щыщу, ди къэралым и законодательствэм фэрыщІу зэрыратхан хуэдэу, балигъ мыхъуа сабийхэм къаджІуэу, абы и Іыхьлы дыдэхэри и унагъуэм щыщу къалыхэнымэ, ирагъэкІуэкІа мы лэжьыгъэр гурыІуэгъу дыдэу щымытми, сэ ар Іэгуауэ икІэ ядэсІыгъыну сыхьэзырц. Къытезгъэзэжынщи, мы Іуэхум мыгурыІуэгъуэу льэныкъуэ куэд хэлъщ.

Япэрауэ, граждан къулыкъушІэу щырэ щыгъынхэр зыд щІыхубзымрэ убыдыным къэрууэ ирахьэлІар (къаХь бжьгъэхэм ятепщІыхьмэ, спецназым и лэжьакІуэу щІыхуи 120-м нэс кхъухьлъатэ хэхакІэ Москва къикІри Налшык къэкІуащ) фронтым ебгъэрыкІэныгъэ щебгъэжІуэкІын папщІэ (е Сицилием щыІэ «каморр»э хьунщІакІуэ гупхэм я Іэтащхьэ псори Іэпхлъэпх пщІын папщІэ) урикъунут.

ЕтІуанэрауэ, КъБР-м коррупцэр къарукІэ зэрыщыІэтракъутам теуХуа хьыбархэр апхуэдизу псынщІэу икІи убгъуауэ къату щІадзати, ахэр щІагъуэу езэгъыртэкъым (е зыкІи езэгъыртэкъым) зытеуХуа видеокадрхэм икІи ихъэ пасэу зэрахьэщІа тхыгъэхэр къату кьытщыхьурт.

ИкІэм-икІэжьм, ещанэу, дыхьэшхэн дыдэщ КъБР-м щыщ къулыкъушІэхэр щІаубыдауэ куэдрэ ягъэІуа щхьэусыгъэр - нэхьыфІ дыдэхэм ящыщу кьыпхэумыльытэн, блэкІа лІэщІыгъуэм, щІыху куэд дыдэ зыдэмыса Налшык кьалэ пхыдзам ухуэнытъэхэр щыщыгъэжІуэкІэ бетон яхуэмыхьэу щыщытам ящІа унэ кхъаХэ ныкъуэкъутэр хабзэм кьемызэгъэшу зэращар (дэнэ итІанэ мелуан бжьгъэу кхъахьэр кьыздрахьыр?).

Ауэ а Іуэху мыгурыІуэгъуэхэр, уголовно-процессуальнэ мардэ кІэнийхэм щІагъэуэу кьемызэгъахэр (уеблэмэ зыкІи кьемызэгъахэр) ягъэщІыну мэІу, абыхэм политикэ унэтІыныгъэ щагъуэтым и деж. ЗыхуэКІуэри арауэ къыщІэкІынущ. Фэ фегупсысыт.

Политикэ щІагъыбзэр

Къэралми Кавказми щыІэ щытыкІэм щыгъуаэ дэтхэнэми властыр ткІийуэ щытын щІыхуейм и щхьэусыгъуэ куэд кьитгъуэтыфынущ. Жьажьэ ущІэкІуэн щыІэкъым: федеральнэ властхэр нобэ Іуауэ зи щхьэ къэзыІэту хуежьа оппозицэр кьыжьэдэкъуным хуэгъэза кьалэм мытыншым. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, а кьалэныр нэхъ тыншу зэфІэбгъэкІыфынущ къэралым хабзэр щыхьэумэн, жэуаплиныгъэр щыгъэтхІиин зэрыхуейр, абы кьыхэІыу «ІэмалыншагъэкІэ щІамыкъуэзу зэрымыхъур» бгъэІумэ.

АтІэ апхуэдэ утъурыгъэ Іуэгъуэщагъэжьапхъэр «коррупцэм и машэ кІыфІу щыт», зи зэрыхьэзрийхэр псоми яужэгъуа (политикэ кьару хэхахэмрэ щІыхубэ хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэ куэдхэмрэ зэрагъэІуу) Кавказыр армырамэ, дэнэ? Ди къэрал иным мымащІэу щыбгъуэтынущ апхуэдэ политикэ льэбакъуэр «куэд щІауэ зэфІэгъэкІын хуей» Іуэхуу къэзылытэн, нэхъыщхьэ дыдэр арщи, «властыр ткІийагъэ зэрыхуэкІуэр» дзэыІыгъын щІыхуэр. Дэ дызытепсэльыхьыр апхуэдэ политикэ лэжьыгъэмэ, псори гурыІуэгъуэщ. Мыбдеж дагъуэ зыхуэпщІын щІыІэкъым.

Пэжщ, ущІэмыупщІэу хъунукъым: псоми зохащІыкІын хуэдэу чищэ я фэм ирахын папщІэ КъБР-м и къулыкъушІэхэр къыщІыхахар сыт? «Кавказым Іэрыхьэ ахьшэщхуэр» щагъэкІрахьэр ди деж-къым, атІэ Шэпсэныщ,Ингушыщ, Дагьыстэныщ, Къэбэрдей-Балкъэрым (Осетием, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим хуэдэуи) «бюджетым и дэлэн къэуатыр» щызекІуэркъым.

Ауэ а упщІэм ккиКІ щыІэкъым, «центрым и властыр зэрытКІийр» щІыхуэхэм нэрылъагъу ящыщІыкъым ехьэІІа политикэ Іуэху зэрахуэу арамэ. Абы папщІэ КъБР-м нэхьрэ нэхъ къезэгъ къэгъуэтыгъуейщ. Псальэм папщІэ, гугъут къэплъытэну зэрыщыту Урысейми, къэралым и центральнэ властми я деж-кІэ кьрикІуэнур, Кадыров Рамзан и Іизнынышэу щэшэн унафэщІым и лэжьапІэр къащьын, коррупцэм хэпщІауэ ягъэкъуаншэу абы и лэжьэгъуэхэр яубыдын папщІэ спецназым щыщ гупышхуэ Грознэм щетІысэхамэ.

Ауэ зэуакІуэу щыыІ, сыткІи жыІэдаІуэ, Урысеймрэ Кремлым и властхэмрэ нэгъэсауэ яхуэпэж, либерал-интеллигент хьэлхэр щызекІуэ КъБР-м апхуэдэ Іуэхуу щыпхыкІынущ, гугъуехь льэпкъ хэмылъу. Абы къыщымынэжу, къару кьыщагъэсебэпыну щІыпІэр псори зэпэльытауэ къызэрыхахар умыгъэщІагъуэу ягъэнэркъым. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, апхуэдэ Іуэхуэр щрагъэкІуэкІым и деж нэхьышхьэ дыдэр политикэ купщІэрщ - феплъ икІи зэхэфцІыкІ: тКІийуэ хабзэр зэтыдогъэувэж икІи зыми худэтчыхынукъым.

Къэралым «хабзэмрэ законымрэ хьумэнымкІэ льэхьэнэщІэ» кьызэрыщыкуэхуар ягъэлъэгъуэн папщІэ, КъБР-р кьызэрыхахар нэсу кьыщІезэгъ щхьэусыгъуэхэм ящыщу къэпльытэ хьунущ «ищхькІэ щыІэхэм» япэм къафІэмыІуэхуу щыта гуэрхэри тетъэщІапІэ зэрыщІыфынуми кьыхэкІыу. Псальэм папщІэ, Урысейм и унафэщІхэм яхуэгъэза тхыгъэхэм КъБР-м и Іэтащхьэ Къаночкъуэ Арсен щауб зи мурадхэр зэтемыхуэ, зыкІи зэмыщхь кьалэнхэр зыхуэзыгъэувыж, фІым телажьэу кьыщІэувыстынущ кьару зэмылІэужьыгъэхэм. Апхуэдэу Іэтащхьэр зыуб гупхэм я пашэщ БъКБР-м и Іэтащхьэ Къаночкъуэ Арсенрэ абы и лэжьэгъуэхэмрэ урысей властым и ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыщаІэтащ. А Іуэхуэр дагъэкІыну зэрыхуэмейр зэІухауэ жаІэмэ, властыр абы игъэтъэпІэнукъым (дунейпсо утыкуэри хэту). Нэхъ тыншу кьыщІэкІынкъым «дзэр зыгъэш апхуэдэ Іуэхуэр кьэзыІэт» унафэщІхэу КъБР-м щыІэхэм япэІэщІэ зыщІмэ е ахэр «ІубгъэкІуэтыпэмэ».

Мы тхыгъэр зы Іэдакъэщ1экІым тригъэчыныхьыркъым псори апхуэдэ дыдэу щыту. Ауэ, «коррупцэр гъэкІуэдыныкъмкІэ лэжьыгъэпхуэ Налшык щегъэкІуэкІыныр» кьызэзыгъэпэщахэм фІэкІыпІэ имыІэу зэрыжаІэнум хуэдэу, политикэ щхьэусыгъуэ щымыІэмэ, уи гум кьэкІым зыкІи уигъэгуфІэркъым. Кавказым и республикэхэм терроризмым щыпэмыльэщ кьаурэзекІ ІэнатІэхэм куэд щІауэ зэрыгэпхагъэІуэкІым хуэдэу, «Кавказым щыІэ терроризмыр коррупцэм кьыхэкІыу» зэрыщытыр я фІэщ дыдэ хьужауэ пІэрэ? Арамэ, «мэзылІ зэкъэушхэр» сатыру зэкъэуувэу зыкъатыну кьыщІэкІынщ, коррупционер зыфІаща гуэрхэр яубыдурэ ягъэтІысмэ.

ИкІэм-икІэжьм, Налшык щыщ коррупционерхэр апхуэдизу Іэуэлъауэзэ хэлъу зэраубыдам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэу сэ кьэсльытэр. Политикэ гупсысэкІэр мы кьыкІэтлъыкІуэм хуэдэщ: къэралым щыІэ хабзэхэр зэуаплиныгъэ хэлъу, тэмэму зэрагъакІуэу кьэплъытэ хьуну, Урысейм и кьалэ мыиным спецназым хэт щІыхуищхэр политикэ унафэ хэмылъу щрагъэтІысыкІын папщІэ милицэм и кьулыкъушІэ щхьэхуэм зыкъыхигъэщхьэхукІыну зэрыхуэщІэкъу кьудейр ирикъумэ? Сэ сыхуейщ ди къэралым нэхъыфІкІэ сыщыгугъыну икІи дамэтель зытель дэтхэнэ зыри политикэмрэ законымрэ я нэІэм зэпымыууэ зэрыщІэтыр си фІэщ сщІыну.

Псори зыхуокІуэжьр

Иджы щІагъуэу зытемыпсэльыхь, зи гугъу ямыщІыхьэ нэгъэщІ зы Іуэху - «коррупционерхэр зэраубыдар» КъБР-м и Іэтащхьэ Къаночкъуэ Арсен сыткІэ епха, абы и лэжьыгъэмрэ и кьэкІуэнымрэ сыткІэ зэрихьэкІыну. Абы и унафэм щІэт кьулыкъушІэхэр «коррупц егъэлеяу» зэрыхэпщІар пэжу къыщІэкІмэ, ар и кьулыкъум текІын хуейуэ арагъэнщ. Ауэ хабзэ ткІийм и льэхьэнэр кьыхэзрысар кьагъэльэгъэн папщІэ ирахьжьа политикэ Іуэхуу кьыщІэкІмэ щэ? ИтІанэ ди къэралым щаухь политикэ жэуаплиныгъэм и къэухьэр дауэ зэрыбгъэбелджылынур?

Си псальэм и кІэухьыу. Езыр абы хуэмыныкъуэм, Къаночкъуэ Арсен и фІыщІэр бгъэкІуэд хъунукъым - абы КъБР-м и экономикэр кьыхилъэфыжащ блэкІа льэхьэнэм власти зыІыгъа кьулыкъушІэхэм зыхадза зэхэкъутэныгъэмрэ бзыльхэмрэ. Кремлымрэ федеральнэ властхэмрэ зэрахуэгъэкІыхьыжкІэ кьапщтэми, ар зэбгъапщэ хъунар совет лъэхъэнэм и 60-нэ гъэхэм щыІа совет, парт дэжьакІуэхэрщ. ИкІэм-икІэжьм, Къаночкъуэ лэжьэн зэрыщидзэрэ КъБР-м зэпымыууэ зеужь, ІэнатІэ щхьэхуэхэр (псальэм папщІэ, мэкъумэш ІэнатІэр, инфраструктурэр) кьапщтэ, абыхэм ехьэлІэныгъэ ихъэр яІэщ. НэгъэщІэш: сыт хуэдэ щыуагъэхэр иІэми (щымыуэж щыІэкъым), Къаночкъуэ Арсен КъБР-м и политикэ къару нэхьыщхьэхэр зэщІэгъэзэжьыну зыхуэзыгъэувыж, Іуэхущ1апІэхэм ящыщ. Кавказ зэуакІуэ зэрыщІыфынуми Кавказ зэуакІуэ щыІэ. Кавказ зэуакІуэ щыІэ - Кавказым, Урысейм къагъэзэжьыну зэрыхущІэкъур даІыгъыну.

Иужьрей ильэхэм а Іуэхуэр КъБР-м и Іэтащхьэ Къаночкъуэ Арсенрэ абы и лэжьэгъуэхэмрэ урысей властым и ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыщаІэтащ. А Іуэхуэр дагъэкІыну зэрыхуэмейр зэІухауэ жаІэмэ, властыр абы игъэтъэпІэнукъым (дунейпсо утыкуэри хэту). Нэхъ тыншу кьыщІэкІынкъым «дзэр зыгъэш апхуэдэ Іуэхуэр кьэзыІэт» унафэщІхэу КъБР-м щыІэхэм япэІэщІэ зыщІмэ е ахэр «ІубгъэкІуэтыпэмэ».

Мы тхыгъэр зы Іэдакъэщ1экІым тригъэчыныхьыркъым псори апхуэдэ дыдэу щыту. Ауэ, «коррупцэр гъэкІуэдыныкъмкІэ лэжьыгъэпхуэ Налшык щегъэкІуэкІыныр» кьызэзыгъэпэщахэм фІэкІыпІэ имыІэу зэрыжаІэнум хуэдэу, политикэ щхьэусыгъуэ щымыІэмэ, уи гум кьэкІым зыкІи уигъэгуфІэркъым. Кавказым и республикэхэм терроризмым щыпэмыльэщ кьаурэзекІ ІэнатІэхэм куэд щІауэ зэрыгэпхагъэІуэкІым хуэдэу, «Кавказым щыІэ терроризмыр коррупцэм кьыхэкІыу» зэрыщытыр я фІэщ дыдэ хьужауэ пІэрэ? Арамэ, «мэзылІ зэкъэушхэр» сатыру зэкъэуувэу зыкъатыну кьыщІэкІынщ, коррупционер зыфІаща гуэрхэр яубыдурэ ягъэтІысмэ.

ИкІэм-икІэжьм, Налшык щыщ коррупционерхэр апхуэдизу Іэуэлъауэзэхэр хэлъу зэраубыдам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэу сэ кьэсльытэр. Политикэ гупсысэкІэр мы кьыкІэтлъыкІуэм хуэдэщ: къэралым щыІэ хабзэхэр зэуаплиныгъэ хэлъу, тэмэму зэрагъакІуэу кьэплъытэ хьуну, Урысейм и кьалэ мыиным спецназым хэт щІыхуищхэр политикэ унафэ хэмылъу щрагъэтІысыкІын папщІэ милицэм и кьулыкъушІэ щхьэхуэм зыкъыхигъэщхьэхукІыну зэрыхуэщІэкъу кьудейр ирикъумэ? Сэ сыхуейщ ди къэралым нэхъыфІкІэ сыщыгугъыну икІи дамэтель зытель дэтхэнэ зыри политикэмрэ законымрэ я нэІэм зэпымыууэ зэрыщІэтыр си фІэщ сщІыну.

Псори зыхуокІуэжьр

Иджы щІагъуэу зытемыпсэльыхь, зи гугъу ямыщІыхьэ нэгъэщІ зы Іуэху - «коррупционерхэр зэраубыдар» КъБР-м и Іэтащхьэ Къаночкъуэ Арсен сыткІэ епха, абы и лэжьыгъэмрэ и кьэкІуэнымрэ сыткІэ зэрихьэкІыну. Абы и унафэм щІэт кьулыкъушІэхэр «коррупц егъэлеяу» зэрыхэпщІар пэжу къыщІэкІмэ, ар и кьулыкъум текІын хуейуэ арагъэнщ. Ауэ хабзэ ткІийм и льэхьэнэр кьыхэзрысар кьагъэльэгъэн папщІэ ирахьжьа политикэ Іуэхуу кьыщІэкІмэ щэ? ИтІанэ ди къэралым щаухь политикэ жэуаплиныгъэм и къэухьэр дауэ зэрыбгъэбелджылынур?

Си псальэм и кІэухьыу. Езыр абы хуэмыныкъуэм, Къаночкъуэ Арсен и фІыщІэр бгъэкІуэд хъунукъым - абы КъБР-м и экономикэр кьыхилъэфыжащ блэкІа льэхьэнэм власти зыІыгъа кьулыкъушІэхэм зыхадза зэхэкъутэныгъэмрэ бзльхэмрэ. Кремлымрэ федеральнэ властхэмрэ зэрахуэгъэкІыхьыжкІэ кьапщтэми, ар зэбгъапщэ хъунар совет лъэхъэнэм и 60-нэ гъэхэм щыІа совет, парт дэжьакІуэхэрщ. ИкІэм-икІэжьм, Къаночкъуэ лэжьэн зэрыщидзэрэ КъБР-м зэпымыууэ зеужь, ІэнатІэ щхьэхуэхэр (псальэм папщІэ, мэкъумэш ІэнатІэр, инфраструктурэр) кьапщтэ, абыхэм ехьэлІэныгъэ ихъэр яІэщ. НэгъэщІэш: сыт хуэдэ щыуагъэхэр иІэми (щымыуэж щыІэкъым), Къаночкъуэ Арсен КъБР-м и политикэ къару нэхьыщхьэхэр зэщІэгъэзэжьыну зыхуэзыгъэувыж, Іуэхущ1апІэхэм ящыщ. Кавказ зэуакІуэ зэрыщІыфынуми Кавказ зэуакІуэ щыІэ. Кавказ зэуакІуэ щыІэ - Кавказым, Урысейм къагъэзэжьыну зэрыхущІэкъур даІыгъыну.

Мы сатырхэм къеджа нэужь, зыгуэрхэм сэ стеухуауэ жаІэнкІэ хъунщ: «Ар КІуэкІуэм пэщІэту кьекІуэкІащи, Къаночкъуэм, коррупцэм хэпщІа абы и благъэхэм кьащхьэщхьэ». Дауи, ар тэмэмкъым. Ягъэкъуаншэ псоми, абыхэм яуаншагъэ ябгъэдэлъмэ, яхуэфащэ тезыр ирырахь. Сэ сызытегущыыхьыр нэгъэщІш - си къэралым и центральнэ властхэм я лжьэкІэм щэч кьытедмыхьэжу щытынырщ. ИтІанэ дэнэ щІыпІи хабзэмрэ жэуаплиныгъэмрэ щызэтеувэнущ.

● Кулиев Къайсын къызэратъхурэ илъэс 95-рэ щрикъум ирихьэлІэу

Къэбэрдей-Балькъэрым и щІыхуб усакІуэ, УФ-мрэ СССР-мрэ я Къэрал саугъэтхэр зыхуагъэфэща Кулиев Къайсын къызэратъхурэ мы гъэм щэкІуэгъуэм и 1-м ильэс 95-рэ ирокъу.
Сурэтым: **КІыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ Налшык псыхъуэм зыщагъэпсэху.** *1967 гъэ*

● Ди псэлъэгъуэхэр

Щызыхъумэ Іэмалхэр фейдэщ икІи сэбэпщ

Пэжыгъэмрэ узыншагъэмрэ хъумэным Іуэхущ1апІэхэм щыхуэзэр социальнэ страхованэм и мыльку и хьэкІэ зэзэгъагъэІуэ хъунущ. Страхованэ зыщІым ильэситщІ и пэкІэ апхуэдэ Іэмал игъуэтащ ІэнатІэхэм фэбжьэ узыфэ гъэтІылъарэ хэзыххэр гъэмэщІэным хуэунэтІа Іуэхугъуэхэм фІэкІыпІэ зимыІэ социальнэ страхованэм и мыльку щыщ зэрыхуэхэр хабзэр кьащта нэужь. Ар ехьэлІащ пэжыгъэ гугъу, щынагъуэ зыпытэ зыгъэщІэхэм санаторэхэмрэ курортхэмрэ кьыщыгъэзэгъэнкІ.

Мы зэманым ІэнатІэ мынкхэмрэ курыгхэмрэ республикэм жыджэру зыщдаужь. УФ-м Социальнэ страхованэмкІэ и фондым и Къэбэрдей-Балькъэр щыналъэ къудамэм щатхащ цІыхуэхэр насыпыншагъэмрэ узыфэ гъэтІылъагъэмрэ ящыкъуэмынымкІэ фІэкІыпІэ зимыІэ социальнэ страхованэ зыщІа Іуэхущ1апІэрэ унафэщІу мин пщыкІуэм щІигъу. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ІэнатІэ зытхэм яхэтщ щызыхъумэ Іэмалхэм хуэзэр страховой взносхэм я хьэкъыкІэ хэлтхъэ зэрыхъунум щымыгъаззэхэр, а хэкІыпІэр кьэзымыгъэсэбэпхэр. Ар кьэтлъытэри, да упщІэ зыбжанэмкІэ зыхуэдгъэзащ фэбжьэмрэ узыфэ гъэтІылъахэмрэ пэжыкІуэхэр ящыкъуэмынымрэ страхованэ щащІ кьудамэм и унафэщІ Ахьмэт Ларисэ.*

- Страховой взносхэм я хьэкъыкІэ щызыхъумэ Іэмалхэм хуэзэр кьэзэнгъэсэбэпыну хуитыр сыт хуэдэ организацэхэра?

- ІэнатІэхэм цІыхуэхэм фэбжь щамыгъуэтын, узыфэ гъэтІылъа щыхамыхьын папщІэ, фІэкІыпІэ зимыІэ социальнэ страхованэм ахьшэ хэзылъхьэ Іуэхущ1апІэ лІэужьыгъуэ псоми апхуэдэ хуитыныгъэ яІащ.

- Абы папщІэ сыт ящІэн хуейр?

- Япэрауэ, щызыхъумэ Іэмалхэм мыльку хухахын папщІэ, хуит зыкъэрагъэщІын пхъэщ. ІэнатІэ унафэщІым и фондым иритын хуейщ хилъхьэну ахьшэр щыгъэбелджылэ тхылъхэр. (Ахэр зэрыхъумрэ зыхуэдэмрэ я къыщыхьащ «ІэнатІэхэм фэбжь щызыгъуэтхэр, узыфэ гъэтІылъа щызхэзыхьхэр гъэмэщІэным, апхуэдэу лэжьыгъэ гугъу, щынагъу зэрыпыль зыгъэзащІэхэм санаторэхэм, курортхэм кьыщегъэІэзэным хуэунэтІа щызыхъумэ Іэмалхэр 2012 гъэм ахъшэкІэ зэхэзэрагъэпэщыну Хабзэхэр къэщтэным и Іуэхуэ кІэ» 2012 гъэм мазаем и 10-м Урысей Федерацэм Уэзнышагъэр хъумэнымрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм кьыдигъэкІа Унафэ №113н-м). Щыналъэ къудамэм и Іэщ1агъэлІхэм ечэнджэщыну хуейхэр (8662) 42-47-88 телефонымкІэ псалъэ хьунущ.

- Щызыхъумэ Іэмалхэм ахъшэ зэрыхухах щыкІэм дыхэбгъэгъуэзамэ арат, Ларисэ.

- Мы Іуэхум трагъэкІуэдар зыхуэдизыр нэгъэсауэ къалъытэн щхьэкІэ, щІыналъэ къудамэм и унафэрэ щызызыхъумэ Іэмалхэр ахъшакІэ кьиззэрызэрагъэпэща щыкІэм и план зэхуэгъэкІуар щыгъын хуейщ. Апхуэдэу страховано зиІэм мылькур кьыззэриГъэсэбэпамкІэ отчетымрэ абыкІэ щыхьэт тхылъымрэ мазищ кьэс щыналъэ къудамэм ирет. А щыкІэм тету, взносым нэхъ мащІэ хухах, кьыдигъэкуэ ахъшэр зэрыщыту зи гугъу тщы Іуэхум хелъхъэ.

- Страховой взносхэм я хьэкъыкІэ яхуэзэрІэкІынухэм я гугъу уэдгъэщІынут.

- Мы Іэмалхэр зыхуэгъэзар цІыхуэхэр фэбжьхэмрэ узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ ящыкъуэмэрыщ, Іуэхущ1апІэхэм шынагъуэнщагъэр кьыщыхэтІэнщ1ынырщ. Страховой взносхэм я хьэкъыкІэ унафэщІхэм ІэнатІэхэр аттестацэ яхуэщІынущ, лэжьыгъэр хъумэным кьызэригъэувым тету, хьэуам и кьабзагъэр, Іуэлъауэу макъэхэр зыхуэдэр, узыншагъэм деж кІэ зэран зыпылъэр кьахуэпщІэтынущ, цІыхуэхэр сакъыныгъэм хурагъэджэфынущ, алкоголестерхэр, алкомотерхэр, такографхэр кьахуэщІынущ. Лэжьыгъэ гугъу, щынагъуэ зыпылъ зыгъэзащІэхэм папщІэ щыгъын, вакъэ, Іэмэпсымэ хэхахэр кьахуэщІынущ, санаторэхэм, курортхэм я цІыхуэхэм кьыщрагъэІэзэфынущ, абыхэм я зыпшагъэр зыхуэдэр щІэх-щІэхыурэ кьрагъэщцытэфынущ, ерыскъы хэплъыхьакІэ кьахуэзэгъэпэщынущ.

- Тхылъхэр зэратыр пІалъэ гуэрым тещІыхьа?

- Ахэр УФ-м Социальнэ страхованэмкІэ и фондым и Къэбэрдей-Балькъэр щыналъэ къудамэм дызыхуэкІуэ щыщхэуэм и 1 пщІондэ Іэрагъэхьэн хуейщ.

- ІэнатІэ унафэщІым ахъшэу хухахыр сыт хуэдиз?

- Щызыхъумэ Іэмалхэм папщІэ лэжьыгъэ зытым хуэуатІыпщыр 2011 гъэм страховой взносу хилъхьам и процент 20-м щІигъу хъунукъым. Абы кьыщалъытэ а страхованэ лІэужьыгъуэмкІэ къагъэсэбэпа ахъшэр.

- Щызыхъумэ Іэмалхэр гъэзэщІэным Фондыр ахъшэкІэ хэуэфыну?

- Страхованэ зиІэм и тхылъ псоми зэпкърыхауэ дыхопльэ. Щыналъэ къудамэм абыхэм ярыгъэгъэзэж:

а) тхылъхэр щита махуэм хуэзэу страховой взносхэр ирикъуу химильхьамэ, пенязкмрэ кьуэдыхэмрэ тельмэ;

б) кьита тхылъхэм мыпэж къахэкІмэ;

в) Фондым и бюджетым щызызыхъумэ Іэмалхэм хухиха ахъшэр зэрыщыту илъэс екІэкІым трагъэщІамэ.

- ЗэрыжьпІэмкІэ, щІыхуэ зытелъ унафэщІым фыдзІэпыкъуркъым.

- ЩІыхуэр зытригъэкІыжмэ, щызызыхъумэ Іэмалхэм папщІэ ахъшэ къызэрыІах тхылъхэр кьыдит хъунущ. Ахэр щыщхьэІум и 1 пщІондэ игъэзэжьэзырын хуейщ.

- Ахъшэр зэрыщыту илъэс екІэжьым трагъэшІауэ хуэзэмэ, ІэнатІэ зытым и тхылъым ирырагъэгъэзэж. КъызэрыщІэкІымкІэ, мылькур къывомэщІэкІ.

- Ар пэжщ, илъэс къэс мы Іуэхум ахъшэ нэхъыбэ къыхуаутІыпщми, тхурикъуркъым. Мы гъэм кьыдатар сом мелуани 4-рэ мин 200-рэщ.

- Нэгъабэрей ахъшэр дауэ къыгъэсэбэпа?

- Социальнэ страхованэм и мылъкуу илъэс кІуам щызызыхъумэ Іэмалхэм хухахам и зэхэзыдитым щІигъмкІэ (сом мелуани 2) унафэщІхэм (организацэ 72-рэ) я лэжьакІуэ 3857-м фэбжьхэмэ щызызыхъумэ Іэмэпсымэхэр кьыхуащэхуащ, зы мелуаным нэблагъэмкІэ ІэнатІэ 538-рэ аттестацэ яІащ, сом мин 634,3-мкІэ ІэнатІэ 1407-м я узыншагъэм кІэлъагъэпльащ. Дыщогугъ фэбжьхэмрэ узыфэ гъэтІылъахэмрэ лэжьакІуэхэр щахъумэн папщІэ, фІэкІыпІэ зимыІэ социальнэ страхованэм и мылькур мы гъэм нэхъ фейдэ пылъу кьагъэсэбэпыну.

Елсэльар
ПОГРЕБНЯК Ольгэщ.



Псальэмакъ куэд кьызэрыкІа Налшык дэт унэм и нобэрей теплъэр.

● ДифI догъэлъапIэ

Быгуэ Уэсмэн. *1974 гъэ*

Уэсмэн иджыри жыджэрщ

Ар къызэрыгуэкIщ, зэрыгуэрурыр кIыгъэльэгъуэу бжыфIэщ, зэпIэзэрыпщ, лъэпкъ узынщэ къызэрыхэкIар имыгъэгъуащэу дунейм тетщ.

СЭРМАКЪ къуажэм щыщ зэщхьэгъусэхэу Быгуэхэ Мэшэрбий Къэрэдин хьанрэ я бынихьм я нэхъыщIэ Уэсмэн зыдэплъеинрэ щапхъэ хуэхъунрэ и машIэтэкъым. Тхьу-юсуей заводым илъэс 40-кIэ щIэныгъэм хуэхъуэжьинШт, сызэрысабийрэ, зэрыжIэу, щIым и «буэкIэр» зыхэсщIати, пIалъэ къыхэзмыгъэкIыу университым агрономиемкIэ и факультетым сэ тхьылъэр естащ,- иригушхуэу игу кьегъэкIыж а лъэхъэнэр Быгуэм.

Зи студент илъэсхэр купщIафIэу щыта IэщIагъэлI щIалэр 1974 гъэм КъБАССР-м МэкъумэшI хозяйствомкIэ и министерствэм ГъавэщIым зыкIалапхъэхэр къэгъэкIыныжкIэ и къудамэм агроном нэхъыжьу ягъэуващ. Абы зэрыщыIа илъэси 5-м лэжьапIэ пэшым зэману щигъэкIуар машIэщ - республикэм и хозяйствхэр зэпымыууэ къызэхикIухащ, къэкIыгъэхэм я щыгыкIэр къыпщыташ, гъавэгъэкIэхэм щIэгъэкъэныжьхуэ яхуэхъуащ. Дзэлыкъэу районым и мэкъумэш управленэм и лъэIукIэ, щалъхуэ куэйм агроному щашэжьами, Уэсмэн етIысэх иIакъым, нэхущым гуфгъэм нэсырт, хьэсэхэм я зыужьыкIэр зригъащIэрт, абыкIэ зыхуей тхылъэр зэхэхауэ игъэхъэзырырт. Район газетым и ныбжьэ-гъуфIи, абы и напэкIуэцIхэм и тхыгъэхэр щIэхыщIэхэрт. Ахэр триухуэрт мэкъумэшыщIэхэм къахэущхьэпэну чэнджэщхэм, Iэнатlэ зехьэкIэщIэхэм, технологие пэрытхэм. ЩыщIэныгъэпхьащIэу щылэжьа и адэмрэ сабийхэм ятеуфбгъуэу унагъуэр зезыха и анэмрэ я Iуэхущафэу щытар и гъуэзу ар нобэм къэсащ.

КъызэпичА гъуэгуанэм щрипIэжкIэ, и сабиигъуэкъэжапхъыгъуэ зэманыр IофIу и нэгу къыщIохьэж, къэзылъхуахэм я ущие нэхъухэм и щIалэгъуэ дахэм хашIэж.

- 1969 гъэм жыг школыр къэзуха нэужь, къыхэсхыну IэщIагъэм зыужьрэ, къыхэсхыну IэщIагъэм уафэм докIуеиж. Си сы къуэщыр механизатору гъавэгъэкIхэм яхэтт, адырэ КъБКъУ-м зоотехникыу щеджэрт. ЩIэныгъэм сихуэнэхъуеиншэт, сызэрысабийрэ, зэрыжIэу, щIым и «буэкIэр» зыхэсщIати, пIалъэ къыхэзмыгъэкIыу университым агрономиемкIэ и факультетым си тхылъэр естащ,- иригушхуэу игу кьегъэкIыж а лъэхъэнэр Быгуэм.

Си студент илъэсхэр купщIафIэу щыта IэщIагъэлI щIалэр 1974 гъэм КъБАССР-м МэкъумэшI хозяйствомкIэ и министерствэм ГъавэщIым зыкIалапхъэхэр къэгъэкIыныжкIэ и къудамэм агроном нэхъыжьу ягъэуващ. Абы зэрыщыIа илъэси 5-м лэжьапIэ пэшым зэману щигъэкIуар машIэщ - республикэм и хозяйствхэр зэпымыууэ къызэхикIухащ, къэкIыгъэхэм я щыгыкIэр къыпщыташ, гъавэгъэкIэхэм щIэгъэкъэныжьхуэ яхуэхъуащ. Дзэлыкъэу районым и мэкъумэш управленэм и лъэIукIэ, щалъхуэ куэйм агроному щашэжьами, Уэсмэн етIысэх иIакъым, нэхущым гуфгъэм нэсырт, хьэсэхэм я зыужьыкIэр зригъащIэрт, абыкIэ зыхуей тхылъэр зэхэхауэ игъэхъэзырырт. Район газетым и ныбжьэ-щIэныгъэхэм я кандидат, литературэмкIэ сектором и лэжьакIуэ Къэнэмэт Алёнэ, институтым и тхылъ тедзапIэ къудамэм и лэжьакIуэ Гуанэ Аидэ, КъБКъУ-м и егъэджакIуэ Хьэщхьэужь Зарет, Къбэрдей-Балъкъэр радиом театрымрэ литературэмкIэ и редакцием и лэжьакIуэ Къэрмокъуй, журналист Аброкъуэ Бэлэ, гимназие №№29, 31-хэм адыгэбзэр щезыгъэжьхэмрэ абыхэм я еджакIуэ щыкIуэхэмрэ, Хьэжжокъуэ и творчествэм дихьэх щIэджыкIакIуэ жьыджэрэр, «Шэху уэздыгъэ» студием и гъэсэнхэр. КьекIуэлIаэм ящыщ дэтхэнэ зыри и гумрэ и псэмрэ и гъуэгурыгъэльагъуэу Усыгъэм и лъаХэм кьихьат: хэтт уэ зытхъуэм епсэльыпIэну, адрейр уэ хьеджэну фIэфIу, ещанэри даIуэмэ нэхъ кьыщтэу. Псоми яфIэгъэщIэгъуэн хьуащ библиотекэм и лэжьакIуэ Шортэн Эмэ зэхэуэсым кьыхуэзэригъэпэща гъэлъэгъуэныгъэр.

Котляровэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм кьыщыдэкIа «Гуэхэль нальэ» тхылъыр зи IэдакъэщIэкI Хьэжжокъуэ Людмилэ и тхыгъэхэм нэхъ нэIуегъэ зыщыхуащIым, абы и фаеи епльыкIэм щIэкуэдым гу лъыуагъатэу жалащ зэIуIэм хэтахэм. «Си псалъэр щIэщыгъуэ» - апхуэдэу кIинащ БакIуу Хьанджэрий мы тхылъым хуитха пэублэ псалъэм. ЩIэныгъэлIым зэрыжиIэмкIэ, Людмилэ и усэхэм щобэкI мы зэман зэрыхьэрийм псори нэхъ дыдыхуэнкьуэ лъагъунагъэ, гуаIагъэ, щабагъэ, мамыригъэ, цIыхугъэ, дуней дахагъэ темэхэр. А псалъэ дахэхэм я купщIэхэм пэджэжь хуэдэ, зэхуэсым кьебгIагъаХэри, ар кьыззэрыгъэпэщахэм ещхьыркьабзэу, я гур фIымрэ нэхумрэ хуэзэIухат, лъэпкъ литературэм, усыгъэм, адыгэбзэ Iуэхум я псэр хуэгумыгъуэт.

Людмилэ теухуауэ «Шэху уэздыгъэ» студием и гъэсэнхэм ягъэхьэзыра презентацэр кьагъэльэгъуэ ноужь, утыкур хуит хуащIэ еджакIуэхэм. Усэхэм кьеджэн и пэ кьыхуэу, абыхэм кьыжьалаш тхылъы-щIэр кьаззэрыщыхьуар. Наlуэт еджакIуэхэм я гум усакIуэм и псалъэхэр зэрыпэсар. А гурыщIэр абыхэм кьаIуэтащ кьыззэджа усэхэмкIи. «Сэ сыпэплъэнукьым уи псалъэ», «Зихьужжаг уэрыншэу си дуней», «УщIащи гъащIэм сисымей», «Нэпс», «Таурыхьхь», «Усыгъэ лъаэхэм», «Пшыпэбзэ», «Бещтокъуэ Хьэбас и деж», нэгъэщIэхэри утыкум зыкъэщIэгъэуэу щагъэIуащ Кьущхьэ Iэсинт, Кьагъырмэс Аминэ, Уэзы Бэлэ, Шэджыхьэщ Анзор, Багъ Дианэ, Кьущхьэ Марьям сымэ.

ХьэщIэхэри зэдзэгуэшащ усыгъэм зэрыкъуащIым, Людмилэ и IэдакъэщIэжкIэм ятеухуа гупсысэхэмкIэ. ЩакIуэ Марьянэ и псалъэм кьыщыкIэщащ Людмилэ, и ныбжьым емылытауэ, щIэныгъэ ин зэрыбгъэдэлъыр, и зэфIэкIыр жьыкъэ зэрыинэсыр. Щоджэнщыкlу Алий теухуауэ тхыгъэ, усыгъэ куэд еджа Марьянэ гулыытэ щхьэхуэ хуищIащ Хьэжжокъуэм и тхылъым ихуа «Усакlуэм и пIэнэигъэ» усэм икIи зи унафэщI музейм кьыбгъэдэкIыу кьалэ библиотекэм тыгъэ хуищIащ Щоджэнщыкlым теухуауэ нобэр кьыздэсым дунейм кьытехьа тхылъхэр. Библиотекэм и унафэщIым и кьуэдзэ Шорэ Ларисэ абы фIыщIэшхуэ хуищIащ, кьеблэгъахэми зауэгушъэзащ.

Адыгэ усыгъэм (псом хуэмыдэу Бещтокъуэ Хьэбас и творчествэм) дихьэх Гъубжокъуэ Ритэ псалъэ гуапэ куэд хуэжIащ Людмилэ, и усэхэр куууэ зэкъэрихащ, Хьэбас и псалъэхэр зыщIэль «Сыт пхуэсщIэнур, сигу?» уэрэд цIэрыIуэр псори кьыдежьуэу и ныбжьэщIащ. Мыбдеж кьыщыхэгъэщIын хуейщ зэIуIщIэр екIуэкIыжьхэ кьеуа уэрэдхэр («Удз дахэхэми яIэщ цIэ зыры», «Псынэм и лъагъуныгъэ» - псалъэхэр Гъубжокъуэ Лиуан; «Анэм и дежь - псалъэхэр сысейщ), нэгъэущI макъамэ щабэхэри, Ритэ и Iэдакъэщ1экIыу зэрыщытыр.

Иджырей эманым адыгэ литературэрэм бзылъхугъэхэр нэхъыбэу кьызэрыхихьэм, усакIуэу ущытыну, тхылъ кьыдэбгъэкIыну зэрымыIуэху тыншым, Людмилэ зыэрипщыт псори кьыззэрехьулIэм тепсэльыкьэщIэкIуэм Мадинэр.

- Усакlуэм, тхакIуэм и цIыху щытыкIэр, ар зыгъэгуфIэ е зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр наIуэ хьуа нэужьщ щIы и Iэдакъэщ1экI хьэлэмэтэхэм зыкъыщыуэIуэхьар, гумрэ псэмрэ ехуэбылIэ, кIэрыпщIэ щIыхьр. Хьэжжокъуэ Людмилэ хуэдэхэм я пщэрылъу кьалытэгъэ кьызыхэжIам я напэр яхьэхэныр, и фIыщIэр ягъэбзэгъэныр. Тхъэм кьриГъэхьулIэ! - жиIащ Мадинэ.

Людмилэ хэлъ нэмысифIагъым, щэныфIагъым, пэжагъым зтеуауэ псалъэ дахэ куэд жаIащ абы и лэжьэгъуэхэм, ныбжьэгъуэхэм. Псори кьыщытхъуащ бзылъхугъэ зэчинфIэм икIи кьеХуэхъуащ и гъащIэ гъуэгур кIыхь, дахэ хьуну.

ЩIэджыкIакIуэхэм я упщIэжям жэуап ирата нэужь, зэхуэсым зыкIрезгъэхьэлIа псоми Людмилэ фIыщIэ яхуищIащ икIи кьыхигъэщащ пщэрылъу ибж Iуэхуэм куэдрэ кьаззэрыхьэхьар, кьыхужаIэхэм хуэфащэу щытыным зэрыхущIэкьунур.

Апхуэдэу сыхьэтитIкIэ хуитту бзэрэбзаш адыгэбзэр, Арат зэIущIэм и лъабжьэрэ - адыгэбзэм и нобэр, и кьэкIуэнур, абы и беягъыр, кууагъыр, лъэщагъыр хэмышу къуэмыкIэ. А кьалэным дэтхэнэ зи махуэрэ икIи абы сыт щыгъуэ гулыытэ хэха хуэщIапхъэщ.

Хужьыбзэу уэсыр щыIыпэм кьохри,
Ар бахъэу уафэм докIуеиж.
Дунейм дахагъэ
кьыIызохри,
Уэсэ Iэрамэу иэотыж...

ТАЗ ФатIимэ,
Сабийхэмрэ щIалэгъуэлэмрэ я творчествэм зыщагъэзыжь центрым и «Шэху уэздыгъэ» литературэ студием и унафэщI.

Дунейм дахагъэ къыIызохри...

Хьэжжокъуэ Людмилэ

Зэ1ущIэм и хьэщIэхэр.

● Iуэху еплъыкIэ

Адыгэ унэцIэхэмрэ лъэпкъ зэпыщIэныгъэхэмрэ

Ди лъахэм ис адыгэ жыгъэхэмрэ абыхэм дэс лъэпкъхэм, я кьекIуэкIыкIам япыщIа Iуэхугъуэхэмрэ ятеухуа тхыгъэ купщIафIэ куэд кьыпыкIащ ди лъэпкъ щIэныгъэлIхэм я кьалэмыпэм. Си тхыгъэ кIэщIым сэри кьыщыхэзгъэщIну сыкуейт а Iуэхум екъэзIа си гупсысэхэр, адыгэ унэцIэ зыбжанэм нэхъ сыкьытеувыIэу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм щыпсэу нэхъ лъэпкъкIыщхъэ дыдэхэм ящыщщ Щоджэнхэ, Абазэхэ, Кьардэнхэ, АфIэунэхэ, Кьущхьэхэ. ЩIыпIэ куэдым щыхэгуэшауэ нэхъыбэ дыдэрэ дызэрихьэлIэр Щоджэн унэцIэращ. А лъэпкъым щыщхэр щопсэу, щолажь ди щIынальэм и жылэ 56-м, я бжыгъэкIи куэд мэхъу. Щоджэнхэ къэдагъэкIэ якIэпхъокIуэ Абазэу зезызгъэтхэр. Ахэр щIыпIэ 50-м щопсэу. Абыхэм ящыщ нобэ ирагъэнхэ ящыщщ АфIэунэхэрэ Кьущхьэхэрэ. Кьыжьитlэнщи, апхуэдэ унэцIэхэр зезыхьэ куэд щыIэщ ди гъунэгъу адыгэ республикэхэми уеблэмэ ди къэралым и щIыпIэ зыбжанэми.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм ди щIыпIэм щыIэхэщIэу хуежьат лъэпкъ зэхуэсхэр. Япэу апхуэдэ Iуэхур кьезыхьэжьар Щоджэн, Кьардэн, Кьущхьэ лъэпкъхэрщ. Цыху куэд зэкIуалIэ а зэхьыхьэжэм щытепсэлъыхьыхьрт зэунэцIэджэгъуэхэм я Iуэху зэрыдэжкIыным, жылагъуэ гугъуехьхэри кьыщалэтырт. Абыхэм щагъэIуащ зы унэцIэ зезыхьэ псори зэIыхьыпэу, зэунэхъуэщIу. Аршхэжкъэ унэцIэхэм я кьэхъукIам урипIэхьмэ, ар мыгъэмэу кьыщIокI, сыту жыпIэмэ, абыхэм яхэтщ цIыхум и IэщIагъэм е кьрата кьуIыкъум и саулыкъукIэ кьыкIащащэр. Псалъэм папщIэ, Щоджэн, Кьардэн унэцIэхэм я кьежьэкIам кьеIуэату апхуэдэ дин лэжьакIэ жылэ кьэх дэсу зэрыщыпытар, нужькIэ ар унэцIэ зезыхьэм тохьуэ. Ауэ щыхъукIэ, жылэ зырызым зэхуэдэ IэщIагъэ зиIэу дэса псори зэблагъэу жыпIэныр мытэмэму кьызоIытэту.

Апхуэдэу, тхыдэм кьыззэриуэтэжьмкIэ, Октябрь Революцэ Иным и ужькIэ унагъуэIэхэр кьыщратхыкIыжьам, куэдым зрагъэтхащ нэгъэущIхэм еймкIэ е езым ейр кьагъэщIэрэщIэжащ. Псалъэм папщIэ, Урыкъу, Псыгуэнсу, Щэджэм кьуажэхэм дэсщ апэм Гулэ, Кьажэр, Куэшэ, Хьэжы, Цыбгъэ, Iумахуэжь, Уэхьуэмусэ унэцIэхэр зезыхьэу щытахэу иджы Щоджэн, Тэрчокъуэ, Кьардэн, нэгъэущI унэцIэхэри зезыхьэхэр. Апхуэдэу зэщIрагъэтхам и цIыхуэсурыгъэр Iупщкъам, ауэ, нэхъыщIэращ, абы кьетlэпIагъуэ зы унэцIэ зезыхьэ псори зэIыхьыпыуэ зэрыщыкIыпыр.

Iыхьлыгъэр кьызэрыпщIэн нэгъэущI гъэнкIыкъуэ хьэлэмэтхэр щыIэщ. Псалъэм папщIэ, Псыгуэнсу дэс лъэпкъхэр щатхыкIыж, Кьардэнгъэщ1 Зырамыкъу зэратхымкIэ, абы и кьуэщ зэхъыжькъ Мурид и жэрдэмкIэ абыхэм я унэцIэм гъущI-Iыхьэр пагъэуващ нкIи Кьардэнгъэр Кьардэнгъущым хуагъэкIуащ. Апхуэдэу ящIауэ тхыгъэхэм кьыхощ Щоджэнщыкlуэм.

Адыгэ унэцIэхэм яхэтщ ар япэу кьэзыщта е зрата щIыхуэр кьыздэнкIа щIыпIэм ехьэлIауэ фIащащэри. Абыхэм ящыщщ Балъкъэрэ, Абазэхэ, Балъкъэрэхэ, Бесленейхэ, Журтхэ, КIэмыргуеныхэ, Къумыкъуэхэ, Нэгъуейхэ, Сонэхэ, Тэтэрхэ, Урыхэ, Шэшэнхэ, нэгъэущIхэри. Ди лъэпкъ унэцIэхэм хуэдэхэр зезыхьэ нэгъэущI лъэпкъхэри машIэкъым. Псалъэм папщIэ, щыIэщ урыс унэцIэхэр Батов, Битов, Богатырёв, Жилов, Жуков, Казанов, Сокуров, Шереметьев, нэгъэущIхэри. Апхуэдэ дыдэхэр яхэтщ ди адыгэ унэцIэхэм.

Ижь зэманым адыгэхэм жылагъуэ Iуэхукlэ зыхагъэхьэу щытыкъым кьызыхэкIа лъэпкъым и лIэужьым тэмэму зымыщIэж цIыхухэр. Апхуэдэхэм дзыхь ирагъэзу, утыкуу ихьэну хуит ящу щытакъым. УзыщIащ лъэпкъымрэ абы кьыкIуа гъуэгуанэмрэ ущыгъуэзэным ноби мыхьэнэшхуэ иIэщ. Аращ абы ди лъэпкъ щIэныгъэлIкъэхутакIуэ куэд щыIетлажьэр, жыIапхъэми гупытэ щыщIигъуэтыр.

ЕРЖЬIБ Асльэн,
педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат.

Тамбий Къэбард и кхъащхьэр

● Тхыдэ

Лъахэхутэ, тхакIуэ, унеи тхылъ тедзапIэ зиIэ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ къызэралъытэмкIэ, адыгэхэр щыпсэу щIынальэм зи цIэр зэрихьэ Тамбий Къэбард щыщIалъхьа щIыпIэр къэгъэщIэрэщIэжьам, абы куэфащэ гулъытэ хуэщIын хуейщ.

ТАМБИЙ Къэбард и цIэр хъыбарыжьхэм кьыхощыж, ауэ тхыдэр зи лъабжьэ тхыгъэхэм абы ущрихьэлIэркъым. Адыгэ IуэрыIуатэм и хъыбарыжь куэдым абы и IыгъэР лъабжьэ яхуэхъуащ. Апхуэдэ зыщ «Къэбардей щыIащар» хъыбарыр. Ар гъэщIэгъуэн зыщIщ абы щIыпIэщIэхэмрэ Iуэхур щеКIуэкIымрэ къызэрыщыгъэльэгъуар. Котляровхэ тегъэщIапIэ ящIар урыс къэхутакIуэхэм, псалъэм папщIэ, «Путеводитель и собеседник в путешествии по Кавказу» тхылъыр зи Iэдакъэщ1экI Владыкин М. Н. (1828 - 1887) и гъуэгуанэ тхыгъэщ. Ар 1872 гъэм Къэбардейм щыщIам итхыгъащ: «Бахъсэн лъэныкъуэкIэ дыкIуэу ХьэтIохъущыкъуеф къуаджэм къыщыздэдзкIым, Махуэгъэпсым бгым дэкIын щIэддзащ. Бгыщхьэм къыщытлъэгъуащ самэу зэтедза мывэхэмрэ ахэр къызэрыхухьа бжьхь ныкъуэ зэтещахэмрэ. Къэбардейм и унафэщI Тамбий Къэбард и кхъащхьэт ар».

Хъыбарыжьхэм къызэрыхэщыжьмкIэ, къэбардеинщыр иджыпсту Новороссийск здэщIы щIыпIэм къиIэпхъыкIыу Лабэ кьыдэтIысыха лIакъуэлIэщ Тамбий Къэбардщ. КъыкIэлъыкIуэу, ар Лэхъэран Iэпхъуащ (Маликэ къуажэм и Iэпхъуащ Iэпхъуащэ щыIэхъуПIэхэм). Иужьым Бахъсэнпсым пэгъуэнэгъу Къызбрун Ипщэр псэупIэ ищIащ.

Къэщэж тIалиб зэхуихьэсыжа, 1891 гъэм Лопатинскэм къытридза Iуэрыуатэ къэхутэныгъэхэм зэрыщыжиIам кIэ, Тамбий Къэбардэ «Псыжь бгъуриту дриГъэзеящ, нэгъэущI лъэпкъэхэр щыпсэумкIэ». «Балъкъ псым и сэмэгурабгъу Iуфэм Iутурэ, иджырей Къурей Iуащхьэм нэсащ, Прохладнэ станицэм хуэзащIэу. ИужькIэ и унафэщI хъуащ Лэфыщ къуажэр мы зэманым зэрыс» щIыпIэм.

Къызэрыщ1экIымкIэ, тхыдэм зи цIэ къызэрыха, лIыхъужьым и щыфэлIыфэр, гъашIэм пэжу кьыщыхъуа Iуэхугъуэхэр щIыхькIэ щIызодощытыкI. Зи дропагэ фэ фхэпьа лIыгъэм - лIыгъэ зезыхьэр биим хуэмыукI.

● Iуэху еплъыкIэ

Адыгэ унэцIэхэмрэ лъэпкъ зэпыщIэныгъэхэмрэ

Ди лъахэм ис адыгэ жыгъэхэмрэ абыхэм дэс лъэпкъхэм, я кьекIуэкIыкIам япыщIа Iуэхугъуэхэмрэ ятеухуа тхыгъэ купщIафIэ куэд кьыпыкIащ ди лъэпкъ щIэныгъэлIхэм я кьалэмыпэм. Си тхыгъэ кIэщIым сэри кьыщыхэзгъэщIну сыкуейт а Iуэхум екъэзIа си гупсысэхэр, адыгэ унэцIэ зыбжанэм нэхъ сыкьытеувыIэу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм щыпсэу нэхъ лъэпкъкIыщхъэ дыдэхэм ящыщщ Щоджэнхэ, Абазэхэ, Кьардэнхэ, АфIэунэхэ, Кьущхьэхэ. ЩIыпIэ куэдым щыхэгуэшауэ нэхъыбэ дыдэрэ дызэрихьэлIэр Щоджэн унэцIэращ. А лъэпкъым щыщхэр щопсэу, щолажь ди щIынальэм и жылэ 56-м, я бжыгъэкIи куэд мэхъу. Щоджэнхэ къэдагъэкIэ якIэпхъокIуэ Абазэу зезызгъэтхэр. Ахэр щIыпIэ 50-м щопсэу. Абыхэм ящыщ нобэ ирагъэнхэ ящыщщ АфIэунэхэрэ Кьущхьэхэрэ. Кьыжьитlэнщи, апхуэдэ унэцIэхэр зезыхьэ куэд щыIэщ ди гъунэгъу адыгэ республикэхэми уеблэмэ ди къэралым и щIыпIэ зыбжанэми.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм ди щIыпIэм щыIэхэщIэу хуежьат лъэпкъ зэхуэсхэр. Япэу апхуэдэ Iуэхур кьезыхьэжьар Щоджэн, Кьардэн, Кьущхьэ лъэпкъхэрщ. Цыху куэд зэкIуалIэ а зэхьыхьэжэм щытепсэлъыхьыхьрт зэунэцIэджэгъуэхэм я Iуэху зэрыдэжкIыным, жылагъуэ гугъуехьхэри кьалэтырт. Абыхэм щагъэIуащ зы унэцIэ зезыхьэ псори зэIыхьыпэу, зэунэхъуэщIу. Аршхэжкъэ унэцIэхэм я кьэхъукIам урипIэхьмэ, ар мыгъэмэу кьыщIокI, сыту жыпIэмэ, абыхэм яхэтщ цIыхум и IэщIагъэм е кьрата кьуIыкъум и саулыкъукIэ кьыкIащащэр. Псалъэм папщIэ, Щоджэн, Кьардэн унэцIэхэм я кьежьэкIам кьеIуэату апхуэдэ дин лэжьакIэ жылэ кьэх дэсу зэрыщыпытар, ауэ унэцIэ зезыхьэ псори зэIыхьыпэу зэрыщыкIыпыр.

Iыхьлыгъэр кьызэрыпщIэн нэгъэущI гъэнкIыкъуэ хьэлэмэтхэр щыIэщ. Псалъэм папщIэ, Псыгуэнсу дэс лъэпкъхэр щатхыкIыж, Кьардэнгъэщ1 Зырамыкъу зэратхымкIэ, абы и кьуэщ зэхъыжькъ Мурид и жэрдэмкIэ абыхэм я унэцIэм гъущI-Iыхьэр пагъэуващ нкIи Кьардэнгъэр Кьардэнгъущым хуагъэкIуащ. Апхуэдэу ящIауэ тхыгъэхэм кьыхощ Щоджэнщыкlуэм.

Адыгэ унэцIэхэм яхэтщ ар ягъэ кьэзыщта е зрата щIыхуэр кьыздэнкIа щIыпIэм ехьэлIауэ фIащащэри. Абыхэм ящыщщ Балъкъэрэ, Абазэхэ, Балъкъэрэхэ, Бесленейхэ, Журтхэ, КIэмыргуеныхэ, Къумыкъуэхэ, Нэгъуейхэ, Сонэхэ, Тэтэрхэ, Урыхэ, Шэшэнхэ, нэгъэущIхэри. Ди лъэпкъ унэцIэхэм хуэдэхэр зезыхьэ нэгъэущI лъэпкъхэри машIэкъым. Псалъэм папщIэ, щыIэщ урыс унэцIэхэр Батов, Битов, Богатырёв, Жилов, Жуков, Казанов, Сокуров, Шереметьев, нэгъэущIхэри. Апхуэдэ дыдэхэр яхэтщ ди адыгэ унэцIэхэм.

Ижь зэманым адыгэхэм жылагъуэ Iуэхукlэ зыхагъэхьэу щытыкъым кьызыхэкIа лъэпкъым и лIэужьым тэмэму зымыщIэж цIыхухэр. Апхуэдэхэм дзыхь ирагъэзу, утыкуу ихьэну хуит ящу щытакъым. УзыщIащ лъэпкъымрэ абы кьыкIуа гъуэгуанэмрэ ущыгъуэзэным ноби мыхьэнэшхуэ иIэщ. Аращ абы ди лъэпкъ щIэныгъэлIкъэхутакIуэ куэд щыIетлажьэр, жыIапхъэми гупытэ щыщIигъуэтыр.

ЕРЖЬIБ Асльэн,
педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат.

Нобэми си нэгум щIэтщ

● ГукъэкIыжхэр

Зи ныбжьыр илъэс 79-м нэблагъэ КIэмыргуей Лизэ Малкэ кьуажэ щыщщ. Зи сабиигъуэр Зокъу зауэшхуэм хиубыда бзылъхугъэм куэд и нэгу щIэкIащ. Лизэ и гукъэкIыжхэм щыщщ мы тхыгъэр:

НЭМЫЦЭ зэрыпхъуакIуэхэр ди хэкум кьыщIеуам, си ныбжьыр илъэсих хьууэ ара? ИкIи си гукъэкIыжхэ псом я щIыIу кьохьу зауэшхуэм хиубыда си сабиигъуэр. ЩIэкIащ си нэгу нэмыцэхэм ди Малкэ кьуажэр зэраубыдри, ди анэ тхьэмыщкIэхэм бэлыхьу кьыддашэчари. Ди адэр зауэм кIуат, бынипIл анэм дыкьыхуэнэри. Нэщхьейт цIыхухэр, гуауэшхуэр я нэгум кьыщIот. ЩIынуэ кIыфIым цIыкIуэр дист дыгъуэгъуэ, топ уэ макъым дыкьыгъаскIэу. Дуненшхуэр щтэгъуэм зэщIищтат.

Топ уэ макъыр кIащхьэ хьуати, тIэкIу дагъэшхэну дыкьрашат щIыунэм. ЩIхьэгъубжэм дыдэпIлу дыздэщытым, дзэ икIуэтэхэм яхэту, ди сэлэтхэр зиу зэрыс шыгу зэщIэщIар бгы нэкIум кIэрихьэу кьэтIьэгъуащ. ЩIыгум нэсу ирагъэзыхьыныжьым куэд имыIэжу, нэмыцIэхэр якIэпхъуащ, топышэр абыхэм ятехуащ, шыри, гури, ди сэлэтхэри зэбгридзыу. Ахэр джабэм кьыззэрещэщхьыр щытлъагъуэм, сабийхэри, балигъхэм хуэдэу хьурейуэ дызэхэтIысхьажьэу, дыгъуэгыт, гъыбзи дыгъуэ. Нобэр кьыздэсым а махуэр си нэгум щIэтщ.

Мис апхуэдэу зауэ зэманым дыщIыкIуу, штэгъуэ Iэджи тIьэгъэщI. Абыхэм ди гум кьыт-радзащ зэи хэмыгъуэщIжьын дыркъуэхэр. Хэкlуэдащ ди адэр зауэ бзаджэм. Ди анэм и закъуэ дыкьыхуэнащ зеиншэу.

Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм яубыдат ди Малкэ жьлэр. Балъкъ Iуфэ щыхэтIа топыжьхэр тщхьэпрагъэуэкIыуэр, фашистхэр Бахъсэн лъэныкъуэкIэ уэрт. Ди дзэр а лъэныкъуэмкIэ кьащIэуэвауэ, нэмыцIэхэр зэтраукIэрт. Машинэм изу нэмыцIэ хьэдэхэр блашырт. ЗэрыпхъуакIуэхэр тхьэусыхэрт, «Бахъсэн фронтыр» кьаззэрыкъур жаIэу. Балъкъ адрыщIкIэ «Конезавод 39-р щыIэт». Ар нэмыцIэхэм я штаб, быдапIэ ящIат. Совет зауэлIэм ар кьащIауэ, ди кьухьлъатэхэр кьакIуэурэ бомбэкIэ яхэуэрт. НэмыцIэхэм гуэзвэгъуэр кьалъысуэ кьажьыхьырт: «Роз» дэнэ кIуа?» - жаIэурэ. Зи гугъу ящIыр штабыр зыхьумэ зэхуэльатэрат, ар зезыгъакIуэр Роэзкlэ эщIкэ щIыхубэти, арат абы апхуэдэу щIеджэр. Сабийхэр деплъу, а «Роз» кьхъульатэмрэ ди кьхъульатэмрэ я уэгум щызэзауэрт. Дыдейм, нэмыцIэхэм кьыкIэрыщIауэ, зыхуей щIыпIэм бомбэхэр щрадзырыти, кIуэжьырт. Дэри: «Ура, дыдейхэр текIуащ!» жьIтIэу, дыгуфIэрт.

Си гум кьынащ мыри. Кьулькьужьым дэс ди адэ щыпхъуэм деж си щыпхъу нэхъыжь Жанзилэрэ сэ хьыбарыхьэ дагъакIуэрт, нэхъ балигъыйуэу щыт ди гъунэгъу Хьэцацэ ди гъусэу.

Щымахуэу, уэсыр куууэ теIуу, кьуажэ гупэм дыдэкIри губгъуэм дихьащ. Абы щытлъэгъуар шынагъуэт: Iэгъуэблагъэм нэмыцIэ хьэдэхэр щикьухьауэ, хэти зэфIэсу, хэти адэкIэмыдэкIэ ещIарэ я IэщIэхэр кьаIэщIэхуауэ дарихьэлIащ. Абыхэм дацIыпупкъэм ди гум Iуэкlат, асыхьэтым кьыщIылъэтыжхэу даубыдын ди гугъу. ТIэкIу дыкьыщIэзэрыгъэтыжым, ди благъэхэм я деж ди гур щамэ: «Си адэр, си адэ кьэушыр, адрей ди Iыхьлы щIэныгъэхэм я кандидат, литературэмкIэ сектором и лэжьакIуэ Къэнэмэт Алёнэ, институтым и тхылъ тедзапIэ къудамэм и лэжьакIуэ Гуанэ Аидэ, КъБКъУ-м и егъэджакIуэ Хьэщхьэужь Зарет, Къбэрдей-Балъкъэр радиом театрымрэ литературэмкIэ и редакцием и лэжьакIуэ Къэрмокъуй, журналист Аброкъуэ Бэлэ, гимназие №№29, 31-хэм адыгэбзэр щезыгъэжьхэмрэ абыхэм я еджакIуэ щыкIуэхэмрэ, Хьэжжокъуэ и творчествэм дихьэх щIэджыкIакIуэ жьыджэрэр, «Шэху уэздыгъэ» студием и гъэсэнхэр. КьекlуэлIаэм ящыщ дэтхэнэ зыри и гумрэ и псэмрэ и гъуэгурыгъэльагъуэу Усыгъэм и лъаХэм кьихьат: хэтт уэ зытхъуэм епсэльыпIэну, адрейр уэ хьеджэну фIэфIу, ещанэри даIуэмэ нэхъ кьыщтэу. Псоми яфIэгъэщIэгъуэн хьуащ библиотекэм и лэжьакIуэ Шортэн Эмэ зэхуэсым кьыхуэзэригъэпэща гъэлъэгъуэныгъэр.

Котляровэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм кьыщыдэкIа «Гуэхэль нальэ» тхылъыр зи Iэдакъэщ1экI Хьэжжокъуэ Людмилэ и тхыгъэхэм нэхъ нэIуегъэ зыщыхуащIым, абы и куэдым гу лъыуагъатэу жалащ зэIуIэм хэтахэм. «Си псалъэр щIэщыгъуэ» - апхуэдэу кIинащ Бакlуу Хьанджэрий мы тхылъым хуитха пэублэ псалъэм. ЩIэныгъэлIым зэрыжиIэмкIэ, Людмилэ и усэхэм щобэкI мы зэман зэрыхьэрийм псори нэхъ дыдыхуэнкьуэ лъагъунагъэ, гуаIагъэ, щабагъэ, мамыригъэ, цIыхугъэ, дуней дахагъэ темэхэр. А псалъэ дахэхэм я купщIэхэм пэджэжь хуэдэ, зэхуэсым кьебгIагъаХэри, ар кьыззэрыгъэпэщахэм ещхьыркьабзэу, я гур фIымрэ нэхумрэ я хуэзэIухат, лъэпкъ литературэм, усыгъэм, адыгэбзэ Iуэхум я псэр хуэгумыгъуэт.

Людмилэ теухуауэ «Шэху уэздыгъэ» студием и гъэсэнхэм ягъэхьэзыра презентацэр кьагъэльэгъуэ ноужь, утыкур хуит хуащIэ еджакIуэхэм. Усэхэм кьеджэн и пэ кьыхуэу, абыхэм кьыжьалаш тхылъы-щIэр кьаззэрыщыхьуар. Наlуэт еджакIуэхэм я гум усакlуэм и псалъэхэр зэрыпэсар. А гурыщIэр абыхэм кьаIуэтащ кьызэджа усэхэмкIи. «Сэ сыпэплъэнукьым уи псалъэ», «Зихьужжаг уэрыншэу си дуней», «УщIащи гъащIэм сисымей», «Нэп

● Конференц



Амщокъуэ Хьэсэнбий къопсалъэ.

Егъэджакlуэ Іэзэ къахэкlыну дащогугъ

Егъэджакlуэ Іэщlагъэм хуедхэ ныбжьыщlэхэм университетым къыщыбгъэдалъхьэ щlэныгъэм нэмыщl, а Іэщlагъэм и щэхуэхэр нэхъыфlу къащlэн, лэжьыгъэм нэхъ хуэхьэзыру а Іэнатlэм пэрыуэн папщlэ, студентхэм педагогикэ практикэ школхэм щрагъэкlуэкl. Ныбжьыщlэхэр мазэм щlигъэкlэ кlэлъоплъ егъэджакlуэ нэхъыфlхэм я лэжьакlэм, езыхэми дерсхэр ирагъэкlуэкl, школым щекlуэкl Іуэхуэхэм нэхъ куууэ зыщагъэгъуазэ. Абы и ужькlэ университетым къыщызэхуосыкри, зыхэта лэжьыгъэм щытепсэлъэхьыжь. Апхуэдэ зэlуцlэ иджыблагъэ щекlуэкlащ КъБКъУ-м и ПМНО къудамэм. Конференцыр къызэригъэпэщащ икlи иригъэкlуэкlащ а къудамэм практикэ и лъэныкъуэкlэ щекlуэкl лэжьыгъэр зи пщэ дэлъ Амщокъуэ Хьэсэнбий.

ПЭЩlЭДЗЭ классхэм щезыгъаджэхэм я лэжьыгъэр зэрынэхъ гугъур хъыхигъэщащ Амщокъуэм и пэублэ псалъэм.

- И япэ еджэгъуэ илъэсым сабийр щlэныгъэм дебгъэхьэхьыныр псом нэхърэ нэхъ гугъущ. А Іэнатlэ мытынщыр хуэфащэу ирахьэкlыфынпапщlэ ди студентхэр лъэныкъуэ куэдкlэ догъахьэзыр. Абыхэм ящыщу мыхьэнэшхуэ идот школхэм щедгъэкlуэкl практикэхэм икlи дихуэ ныбжьыщlэхуэ практикэр зэраухар. Уэрыгуфlыкlыныщ ахэр здэщlыа школхэм я унафэщlхэри егъэджакlуэхэри ди студентхэм гуапэу къаззэрыlущlэр, егъэджэныгъэм и Іэмалхэр къагъэсэбэлъфу есэн папщlэ ялъэкl къызэрамыгъанэр. Апхуэдэу студентхэм жаІащ я щlэныгъэкlэ иджыри зыныгъэ зрищlыгъахэу ящlэсыгъаджэхэм я лэжьыгъэр и гугъу ящlащ. Студентхэм я лэжьыгъэм кlэлъыплъу еджапlэхэм щыІа, къудамэм и егъэджакlуэхэу Мэлыхъуэ ФатIимэрэ Теуэвэжыкъуэ Артуррэ къыщыпсалъэм къыхагъэщащ я студентхэм егъэджакlуэ Іэщlагъэр щызэрыхахамкlэ щlегъуэжа зэрахэмытыр, илъэс зыбжанэкlэ университетым абыхэм щрата щlэныгъэр екlуу къызэрагъэлъэгъуар.

Къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ педагогикэ щlэныгъэхэм я кандидат, педагогикэмрэ психологиемкlэ кафедрэм и доцент Теуэвэжыкъуэ Раисэ.

- Мыбдеж щыжыфlахэр щыхьэт зытетхъуэращи, фэ зыхэфlащ егъэджакlуэ Іэщlагъэр зэрымытынщыр. Пэщlэдзэ классхэм ущылэжьэныр нэхъ гугъужщ. Мыпхуэдэ педагогикэ практикэхэм зыныгъэнэшхуэ яІэщ фи зэфlэкlыр здынэсыр къэхутэнымкlэ, университет пэщхэм щlэфхэр щlэныгъэр еджакlуэ щыкlуэхэм я пащхьэ къызэрыщыгъэсэсэфыпфыр наlуэ къэщlынымкlэ. Фи псалъэмакъэхэм къызэрыхэщащи, университетыр къэвухмэ егъэджакlуэу фызэрылажьэнум щэч къытефхьэжьаркъым, абы дэ дрогуфlэ. Фэ къыхэфха Іэщlагъэм нэхърэ нэхъ хьэлэмэт щыІэу сщlэркъым. Абы фыхуэпэжу гъащlэм фызэрылажьэнум щэч къытефхьэжьаркъым, абы дэ дрогуфlэ - захуигъэзащ и гъэсэнхэм Раисэ.

Конференцэм хэтахэм ирагъэлъэгъуащ студентхэм я дерсхэм щытраха фильм кlэщlкlи щыкlуэр.

ЩОДЖЭН Іэминат.

Махуэшхуэм хухэха зэдэжэ

● Атлетикэ псынщlэ

Къэжьыхьыным и урысейпсо махуэм ирихьэлlэу Прохладнэ кьалэм щекlуэкlащ атлетикэ псынщlэмкlэ зэхьэзэхуэхэр.

МЕТР 500-м ксыщыщlэдзауэ 2000-м нэс гъуэгуанэм ксыщызэдзэжащ щыем щыпсэу щыхуэ минхэр. Къыщыкlэмыщlауэ, Лондонрэ Сочэрэ щекlуэкlыну олимпиадэхэм хухахауэ метр 2012-рэ метр 2014-рэ щызэрепуащ.

- Икъукlэ ди гуапэ хъущ ди зэхьэзэхуэхэм мыпхуэдизу щыкlуэ зэрекlуэлlар, - жиlащ Прохладнэ куей администрацэм физкультурэмрэ спортымкlэ и кьудамэм и унафэщl Куценкэ Алексей. - Дунейм и хуабагъэм кьимыгъэдзыхэу, кьызэдэжьхэм яхэтащ сабийхэри нэхьыжьыуэхэри.

- Зэпеуэхэр нуха нэужь текlуахэм медалхэр, КъБР-м Спортымкlэ, туризмымрэ курортхэмкlэ и министерствэмрэ я щlыхь тхьылъхэр иратащ.

ЛОБАНОВЭ Верэ.

Зэпеуэм хэта ныбжьыщlэхэр.

● Футбол

Іэпщэ Александр и цlэкlэ

Налшык дэт курыт школ №31-м и стадионым мэкъуэгъуэм и 15 - 21-эм щекlуэкlащ Іэпщэ Александр футболымкlэ и фэепльэ турнир.

Абы хэтащ 1991 гъэм кьалъхьа нэхьыщlэхэу командэ 8. Зэхьэзэхуэр гупитlу гуэшауэ щыташ. Пхъэидзэм къызэрикlам тету, япэ гупым хэхуащ «Эльбрус» (Налшык), «ПФК Спартак» (Налшык), «Анжи» (Махъэчкъалэ), «Тэрч» (Грозный). Етlуанэ гупым хэтащ «Спартак» (Налшык), «Нарт» (Нарткъалэ), «АРР-99» (Хьэбэзэ), «Сокол» (Саратов).

Гуп зэхьэзэхуэхэм я ужькlэ финал ныкъуэм щызэlуцlащ «Анжи»-мрэ «Спартак»-мрэ, «Нартымрэ» «ПФК Спартак»-мрэ.

Зэlуцlитlми налшыкдзэхэр къыщыхагъэщlащ икlи ещанэ увыпlэрщ «Спартак»-м къихьар.

Финалым щызэпэщlэта «Анжи»-мрэ «Нартымрэ» я зэlуцlэм Мэхъэчкъалэ и командэр щыпхъуащ.

МЭЗКУУ Кьанщобий.

Янэу Брянск и «Динамо»-р къокlуэ

2012 - 2013 гъэхэм япэ дивизионым щекlуэкlыну зэхьэзэхуэм и пхъэидзэ идыдлагъэ Мэзкуу щекlуэкlащ.

«Спартак-Налшыкым» и япэ зэlуцlэр бадзэуэгъуэм и 9-м е и 10-м иригъэкlуэкlынущ. А махуэм ди щlалэхэм Налшык къыщригъэблагъэнущ Брянск и «Динамо»-р.

Янэ дивизионым щекlуэкlыну зэlуцlэ псори «Спорт-2»-телеканалымкlэ къыгъэпхьагъуэнущ, «Россия-2»-м джэгугъуэ къэс зы къыхихынущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Фи автомашинэр ирамыхужьэн папщlэ чэнджэщ щхьэпэхэр

Экономикэ щытыкlэ гугъуэм емыльытауэ, автомашинэ зиІэхэм я бжьыгъэм хохьэу. Ди жагъуэ зэрыхъущи, машинэхэм бзаджащlэхэр яхуеплъэкlыпри зи кьыштеувыlакъым. Нэхьыбоу ирихъыхьэхэм ящыщи къэралым кьыщылагъэкlэ ВАЗ-2110, ВАЗ-2112, ВАЗ-2114, «Лада-Приора» автомашинэ лlэужьыгъуэхэр.

АПХУЭДЭ зэlупхъаджагъэхэр нэхьыбэу щалэжь транспортыр щызэтрихьэ щlыпlэхэм: кафехэмрэ ресторанхэмрэ, тыкуэнхэм, сату центрхэм, кинотеатрхэм я бжьlупэхэм, кlэлъыплъныгъэм щlэмыту кьыщlагъанэ нэгъэщlащlыпlэхэм. Иужь зэманым автотранспортым хъэпшыпхэмрэ ахъшэгъэ ирадыгъуэкlыным хэхъуэ зэпытщ. Ахэр зы Іэрагъэхьэн папщlэ нэхъыбэм абджыр хакъутыкl.

Урысей Федерацэм и МВД-м Налшык къалэмкlэ и Управленэм зи гугъу тщlа щlэпхъаджагъэ лlэужьыгъуэхэм ебэнынымкlэ Іуэхугъуэ зэмылlэужьыгъуэхэр ирегъэкlуэкl.

Фи автотранспортыр ирамыхужьэн папщlэ хабзэм фытетын, ар фщымыгъупщэу ягъэзэщlэн хуейуэ иращ. Кьэдгъэлъэгъунущи:

- бжэхэр Іухауэ, щхьэгъубжэхэр егъэжьхауэ, багажникыр, капотыр техауэ къэвмыгъанэ. Жьыжьэу фы-Іумыкlми, ахэр тэмэму гъэбыдарэ мыгъэбыдарэ сыт щыгъуи кьэфlпщыгъ;

- Іэмал иІэмэ, автомашинэм хъэпшыпхэр, сумкэхэр, пхъуантэхэр, нэгъэущlхэри кьивмынэ, тхылъхэмрэ ахъшэмрэ зыщывмыгъэгъупщэ;

- Іуникlыбзэlухыр щlэгъэныгъэ псоми лъабжьэ быдэ яхуэхъунур еджапlэм щызыlэрыщlэхьа щlэныгъэрщ, - жиlащ Афэшокъуэ Раисэ.

Дэтхэнэми кьыхуха Іэщlагъэр щызыригъэгъуэтын еджапlэм щlэтlысхьэфыну ныбжьыщlэхэм ехьуэхьащ егъэджэныгъэмкlэ район Іуэхущlапlэм и унафэщl Моллаев Сулеймэн икlи яжриlащ абыхэм жылагъуэщlэ яхуэуну кьаэзрыпэщытыр, республикэм, районым я экономикэ, социальнэ зыужьныныгъэхэм я гуащlэ хальхьэну эзращыгугъыр.

Іуащхьэмахуэ куейм и курыт школхэр кьэзыухахэм эзрыгушхуэн ехьулlэныгъэхэр я мащlэкъым: хэти медаль иІэщ, хэти Лермонтов Михаил и «Бородино» тхыгъэ щэрыуэр гукlэ ещlэ, хэти щlэныгъэ кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр игъэзэщlащ. Кьэпщтэмэ, школ гъэ кьэзыухэ ныбжьыщlэ 277-м ящыщу 9-м дыщэ, 6-м дыжьын медалхэр кьахьащ, еджакlуэ 14-м щlыналъэ олимпиадэхэм бжьыпэр щаубыдащ, 153-р зэхьэзэхуэр зэхуэмыдэхэм пашэ щыхьуащ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ КъБР-м, КъШР-м я артист щэрыуэхэу Теппеев Алим, Бий Аслъэн, Баякулов Сультlан, Тхьэгъэлэдж Светланэ сымэ, «Иман» гупым, нэгъэущlэхэм.

ТАРИМ Алисэ.

Тырныауэ кьалэм дэт «Тоур» стадионым мэкъуэгъуэм и 25-м махуэщхуэ пшыхь щекlуэкlащ Іуащхьэмахуэ куейм и курыт школхэр мы гъэм кьэзыухэ ныбжьыщlэ 300-м нэблагъэм папщlэ.

ГУФlЭГЪУЭ зэхьыхьэр кьызэІуихащ Іуащхьэмахуэ район администрацэм и унафэщlым и кьуэдзэ Афэшокъуэ Раисэ. ЕджапIэр кьэзыухэсэ, абыхэм я адэ-анэхэм, егъэджакlуэхэм гуапэу ехьуэхьури, абы кьыхихэщlащ балигъ гъащlэм хьыхь ныбжьыщlэхэм дяпэкlэ жэуапльныгъэ нэхьыбэ я пщэ кьызэрыдэхуэнур. Фэ кьыфпэщытащ гъащlэм фи уныпlэ щывубыдыжьину, кьэралым, жылагъуэм яхуэщхьэпэн цыху нэс кьыфхэкlыну дыфщогугъ, фи ехьулlэныгъэ псоми лъабжьэ быдэ яхуэхъунур еджапlэм щызыlэрыщlэхьа щlэныгъэрщ, - жиlащ Афэшокъуэ Раисэ.

Дэтхэнэми кьыхуха Іэщlагъэр щызыригъэгъуэтын еджапlэм щlэтlысхьэфыну ныбжьыщlэхэм ехьуэхьащ егъэджэныгъэмкlэ район Іуэхущlапlэм и унафэщl Моллаев Сулеймэн икlи яжриlащ абыхэм жылагъуэщlэ яхуэуну кьаэзрыпэщытыр, республикэм, районым я экономикэ, социальнэ зыужьныныгъэхэм я гуащlэ хальхьэну эзращыгугъыр.

Іуащхьэмахуэ куейм и курыт школхэр кьэзыухэхэм эзрыгушхуэн ехьулlэныгъэхэр я мащlэкъым: хэти медаль иІэщ, хэти Лермонтов Михаил и «Бородино» тхыгъэ щэрыуэр гукlэ ещlэ, хэти щlэныгъэ кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр игъэзэщlащ. Кьапщтэмэ, школ гъэ кьэзыухэ ныбжьыщlэ 277-м ящыщу 9-м дыщэ, 6-м дыжьын медалхэр кьахьащ, еджакlуэ 14-м щlыналъэ олимпиадэхэм бжьыпэр щаубыдащ, 153-р зэхьэзэхуэр зэхуэмыдэхэм пашэ щыхьуащ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ КъБР-м, КъШР-м я артист щэрыуэхэу Теппеев Алим, Бий Аслъэн, Баякулов Сультlан, Тхьэгъэлэдж Светланэ сымэ, «Иман» гупым, нэгъэущlэхэм.

ТАРИМ Алисэ.

● Іуащхьэмахуэ куей

Гуимыхуж

● Фэепльэ

Адэм и уэсят



Темрокъуэ Руслан

Гуауэщ икlи гущlыхьэщ цыхуэр дунейм щехьжьыр. Ар зи гум щыхьэр благъэІыхьлы кьудейркъым, а гуаэзшхуэм иронэщхьей ныбжьэгъуэхэр, лэжьэгъуэхэр, фыуэ къэзыщlыхуу щытагъэхэр. Фыщlэ, щlыхь гуапэу, пщlэ нlэу, и сэбэн кьудым екlыну псэуащи.

ТЭРЧ куейм хьыхь Хьэмидей кьуажэм и мызакъуэу, республикэм и щlыпlэ кьудым къыщацlыхуу щытащ хьэл эпlэзэрыт зиІа, щыхуэгъэ лъагэ зыхэлъа Темрокъуэ Руслан. Апхуэдэ гъэсэныгъэ дахэр абы щигъэтащ и адэ Леонид и деж. И кьуэшитlми хуэдэу, Руслан зэи зыщигъэгъупщакъым адэм и псалъэ Іущхэмрэ и чэнджэщ щхьэпэхэмрэ.

Псэ хьэлэт, ныбжьэгъу пэжт, лэжьакlуэшхуэт - апхуэдэущ Темрокъуэр ныбжьэгъуэм я гум кьыззэринар.

Жылэм дэт школым и унафэщlу сыщылэжьам, Руслан кьуажэ Советым и унафэщlти, куэдрэ Іуэхуэкlэ дыззэрихьэлlэрт. Сэ абы дэслъэгъауащ хабзэ дахэрэ гуапагъ инрэ. Хуэму фlэкlэ мыпсалъэу, ауэ жиlэр хэкъуэзауэ пхигъэкlыфу щытащ. Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщlу щыпэжьамэ, Руслан пльэкlэ кьыбгъэдэхьащ зэримыгъэщlэхъуным сыт щыгъуи хуэсакът. Дунейм зы цыху тету кьыщlэкlынкъым ар жагъуэу зыхущlата, макъ Іэтакlэ зэпсэлъа. И гур зэlухауэ, икьукlэ цыху Іэдэбу псэуащ.

И унагъуэкlи уззэхъэпсэнт Руслан. И щхьэгъусэ Неллэ илъэс куэд хъуауэ кьуажэм и курыт школым нэгъэущlкъэралыбзэм сабийхэр щылхурегъаджэри, пщlэрэ щlыгъуэу иІэу и кьалэныр ирехьэкl. И хьэл дахэр дыщlыгъужу ар ныбжьыщlэхэм щапхъэ зэрыжъуэ. Руслан Неллэрэ я щlалитlым курыт адэжьэр кьауха нэужь, щlэныгъэ нэхъыщlхэ зрагъэгъуэтын мурадкlэ, зыр Кьэбэрдей-Балъкъэр кьэралыбзэм и университетым, адрейр Кьэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэщ академием щlэтlысхьауэ щоджэ. ЩэныфlЭу адэ-анэм кьагъэтэджащи, лъэпкъыр зэрыгушхуэн Тхьэм ищlи

Темрокъуэ Руслан и адэр кьызэрыщыгугъам хуэдэу щыхуу нэсу псэуащ, дыхуэзарэзыщи, и ахърэтри нэху Апыхьым ищlи. Абы и лъэгъуэ дахэм ирокlуэ и бынхэр.

ДЭЦЫРХЪУЕЙ Мусэрбий.

Тэрч куей.

Дыгъуар яубыд

КъБР-м щыІэ МВД-м и полицейхэм я убыдащ гъущlэхэкlхэм ещанкlуэр. Абы ирыгъ ищlат пенсионерхэм я дачэхэр.

ЗЫ ЗЭМАН дачэхэм гъущlэхэкlхэр зэрырадыгъукlыр Кьэбэрдей-Балъкъэрым и жыггъэкlхэм, дежкlэ хэплъэгъуэу щытащ. Апхуэдизкlэ абы игъэпlейтеят ахэри, нэхьыбэр пенсионерхэрщ, къэралыгъуэ Іуэхуэхмкlэ министру КъБР-м щыІэ полицэм и генерал-майор Васильев Сергей зыхуагъэзащ. 2012 гъэм мэлыжьхьым и 12-м дачэ зэгухьэныгъэхэр къэралыгъуэ Іуэхуэхмкlэ щlыналъэ Іэнатlэхэмрэ я унафэщlхэр зэхуэсри, абы и хэкlыпlэхэм тепсэлъыхьащ. Абы щыгъуэ ягъэуващ а гугъуехьхэр къызэнэкlын папщlэ гъущlкъэкlэр щыІах пунктхэм, къадыгъуэхэр щащхэхуу куэд щlауэ зэтеувахэм, я лъэныкъуэкlэ дзапхъэр.

Абы и лъэныкъуэкlэ лэжьыгъэр тэмэму зэтеухуэным кьыдэкlуэу, дачэхэм щыдыгъэкlэр убыдыным теухуа Іуэхугъуэхэр щlагъэхуэбжьащ. А бзаджащlэхэм ящыщ зыкъомыр, кьыхэдгъэщынщи, Аруан, Дзэлыкъуэ куейхэм жуэпым щрашэlащ.

Мы махуэхэм Урысей МВД-м Налшык къалэмкlэ и управленэм и лэжьакlуэхэм я убыдащ «Ветеран» жыг хадэ зэгухьэныгъэм и дачэхэм ящыщ зым сом мини 10-м щlигъу хощlыныгъэ яритащ.

Къэрал кlуэцlІуэхуэхмкlэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущlапlэ.

Дэнэ щыІэ Іункlыбзэlухыр?

Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым следствмкlэ и управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щlыналъэм щыІэм и кlэм нигъэсащ 2010 гъэм накъыигъэм и 1-м «Щыгъэжапlэ зыхэт «Налшык» кьэрал завод щэнр» ФГУ-м и щlыналъэм щалрэкlа терактым теухуауэ кьаІэта уголовнэ Іуэхур.

СЛЕДСТВЭМ илъэситlкlэ зэхущхэкlащ къуанщlэр зэтеувам. Икlэм-икlэжьм, мы гъэм мэлыжьхьым и кlэм ар иубзыхуащ. Кьэхъуа псомкlи ахуэаплиныгъэр КъБР-м щыІэ МВД-м и ОМОН-м и инженер-техникэ Іэнатlэм и инженер-сапер нэхъыщхьэм трагъэкlащ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и деж щыІэ Жылагъуэ советым и зэІущlэу мэкъуэгъуэгъуэм и 21-м зэхэтам Прокопов А. а хьэгъэщагъэр щалэжьа махуэм кьэхъуахэр игу кьащlигъэжьыжащ. Ар саперхэм я пльыр сменкlэ и нэхъыщхьэу щыт а махуэми, иподромым и щlыналъэр щlипщытыжащ. Арщхьэкlэ, кьаІэуэ Іэмэпсымэр зыщlалъха щыпlэм нэсыну Іэмал иІакъым. Абы ухуэзыщlэ щхьэгъубжэхэмрэ бжэхэмрэ гъэбдат.

Іункlыбзэlуэхэр кьилъыхьуа щхьэкlэ, игъуэтакъым, бжэр икьутэну унафэ щыІакъым. Ельм и кьулыкьур кьигъэсэбэну апхуэдэ унафэ кьыщlэну хуитыныгъэ иІэтэкъым. Бжэр Іузыхыну Іэмал зиІар щыгъэжапlэм щынагъэнщlагъэмкlэ и Іэнатlэм кьулыкьу щызыщlэхэрт.

Милицэм и лэжьакlуэхэм «Щыгъэжапlэ зыхэт «Налшык» кьэрал завод щэнр» ФГУ-м щынагъэнщlагъэмкlэ и кьулыкьум и унафэщlым зыхуагъэзащ. Ар хьумакlуэм деж псальэрн, трибунэ нэхьыщхьэм хууэзыщlэ бжэр Іуихыну кьалэн щищlащ. Арщхьэкlэ ар ягъэзэщlакъым.

Пэжщ, Прокопов А. зыхуэфащэ Іэнатlэхэр кьызэщlиІэтакъым, Іункlыбзэlухыр кьигъэуэтын папщlэ хэкlыпlэ щыІэкъым. Ар ирегъэсэбэпакъым, хьэгъэкар щыІагъэ конструкцэ зэхуакуэм дэкlыу (ар уи нэгу кьыщlэтхъэхьэгъуейщ) кьагъауэ Іэмэпсымэр щагъэтlылъам нэсакъым.

«Щыгъэжапlэ зыхэт «Налшык» кьэрал завод щэнр» ФГУ-м щынагъэнщlагъэмкlэ и кьулыкьум и administрацэм сыт хуэдэ кьалэн игъэзэщlар а махуэми щыкlуэ конструкцэ зэхуакуэм дэкlыу (ар уи нэгу кьыщlэтхъэхьэгъуейщ) кьагъауэ Іэмэпсымэр щагъэтlылъам нэсакъым.

«Щыгъэжапlэ зыхэт «Налшык» кьэрал завод щэнр» ФГУ-м щынагъэнщlагъэмкlэ и кьулыкьум и administрацэм сыт хуэдэ кьалэн игъэзэщlар а махуэми щыкlуэ Абы и нэІэм щlэт щlыналъэр кьэплъыхьныр илъэс куэд хъуауэ ирагъэкlуэкlын хуей, Іэмал зимыІэ Іуэхущ. АтІэ гуауэр якlэзрикlуа щlыпlэм нэсыныр щхьэ кьызэрамыгъэпэщарэ? Дэнэ кlуа абы и Іункlыбзэlухыр? Іуэхур зэхэгъэкlыным щхьэ кьызэрамыгъэпэщарэ? Дэнэ кlуа абы и Іункlыбзэlухыр? Іуэхур зэхэгъэкlыным зыхуэнэтlауэ судым сэбэн хуэхъункlэ зыхуэІуа щыІэкъым а упщlэм и жуэапыр кьэгъэутынкъым.

Жылагъуэ советым и зэІущlэм хэтахэм жаІащ кьэхъуам и щхьэусыгъуэхэр зэхагъэкlын папщlэ Іуэхум сыт и лъэныкъуэкlи нахуэу ириплъэжьын зэрыхуейр. А Іуэху епльыкlэр судыр щекlуэкlкlэ кьинагъэлъэгъуэну кьалэн щащlапl Налшык кьалэ дэт курыт школ №7-м и егъэджакlуэ Щlыпlынэ З.

КЪУЭДЗ Оксанэ,

КъБР-м щыІэ МВД-м хуитыныгъэмкlэ инкъудамэм и унафэщl.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэ́Іыщlэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жьэ́Кlэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъаро Алик.**

Къыдэзыгъэкlэхэмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкl.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епlапlэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикмкlэ - 47-22-63, 42-57-59; цlыхьабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмрэ Іуэхуэщlапlэхэм ядлажьэныныкlэ - 42-60-53; хъыбарыщlэхэмкlэ, спортымрэ инсымохмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 47-32-15; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущlапlэм - 42-26-41; суратхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщlэта Іуэхугъуэхэм я ижагъыныкlэ ахэр зыгъахэм нэсу жуэап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкlэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьынырэ и щlэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1989 гъэм дыгъуэгъаэм и 16-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныныкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ Іуэхущlапlэм №П-0065-м щlэту ятащ.

Зы илъэсым газетыр 250-р къыдокlі.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щlэкlэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкlыгъуэм елэжьахэщ: жуэап зыхь секретарь **Гъурыжь Мадинэ,** редактору **ЖЬэкlэмыхьу Маринэ,** корректорхэу **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **корректорэм я дэлэныкъуэгъу Мыргъэкъан ФатIимэ.** *Компьютеркlэ газетым и тепльэр яшlащ* **Ныр Саидэ, Мэлбахэу Анжелэ,** *суратхэм елэжьащ* **Бицу Жанизэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.100 ● Заказ №1703